ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАУЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№19 (23.989) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 18, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Правительствэм

Лъэпкъ проектхэр адэкIэ мэкIуатэ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек мазаем и 17-м иригъэкIуэкIащ КЪБР-м и Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ советым и зи чэзу зэIуIэр.

АР КЪУЕЩЫЗЭIУИХЫМ КIуэкIуэм къызэхуэсахэм ягу къиригъэкIыжащ УФ-м и Президентым и накъыгъэ унафэхэм япкъ иткIэ, Iуэхугъэ куэд къызэщIэзыубыдэ, зыужьныныгъэм дыхуэзышэн проект 13 зэхалъхьауэ зэрыщытыр, абыхэм ящыщу 11-м ди республикэр зэрыхэтыр. «Лъэпкъ проектхэр сабэпынагъ пылъу гъэзэщIа хъун папщIэ, Iуэхугъуэ 4-м теухуа щыIалъэ проектхэр дгъэхъэзыращ, дэтхэнэмкIи зэгурыIуэныгъэхэр зэтщIылIэри, делажьащ блэкIа илъэсхэм. 2019 гъэр къапщтэмэ, лъэпкъ проектхэр иридгъэзащIэну федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом меларди 5-рэ мелуан 630-рэ кьытхуаутIыпщащ. Дэ фIыуэ кьыдгурыIуэн хуейщ зи гугъу тщIы проектхэр зыужьыныгъэм зэрыхуэлажьэм нэмыщI, дэ зыхуэдгъэувыж къалэнхэр зэрызэдгъэхъулIэ Iэмалу зэрыщытыр, абы щIыхьхэм я псэукIэр нэхъыбI, нэхъ тынш зэрыхъур къызэрыкIуэр. А псоми набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ КЪБР-м и Правительствэр. Нобэ сыхуейт дызэрылажьэ проектхэмкIэ жэуаплIныгъэ зи пщэ дэлъхэм Iуэхур зыIутым дыщыбгъэгъуэзэну, - жиIащ КIуэкIуэм.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ **КIэрэф Мурат** тепсэлъыхьащ «Хъярычэтыщ Iуэху мащIэмрэ курытымрэ», «Дунейпсо кооперацэмрэ экспортымрэ», «Производительность труда» лъэпкъ проектхэр 2019 гъэм зэрагъэзэщIам кърикIуахэм.

- Хъярычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ я гугъу пщIымэ, абы епха федеральнэ проекти 5-м дыхэтщ, абы тедгъэкIуэдзну 2019 гъэм сом мелуан 332,8-рэ кьытIэрыхьащ, - жиIащ КIэрэфым. Ахъшэр нэхъыбэу зытрагъэкIуэдэнур хъярычэтыщIэхэр зэрылажьэ Iэмалхэр нэхъ тынш, псынщIэ ящыщынырц, Iуэху щащIну ухуэнырIэхэр бдджэнду ятынырц. ХъярычэтыщIэхэм къыщIагъэкIэр дунейпсо сату утыку ихьэнымкIи яхуэзфIэкIахэм я гугъу ищIащ КIэрэфым икIи ди республикэм къыщыщIагъэкIуэ хамэ къэралхэм иращэхэм я бжыгъэр зэрызэхъуэр жиIащ.

«Демографие», «Уэрыншагъэр хъурмэн», «Егъэджэныгъэ», «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектхэм 2019 гъэм къарикIуам тепсэлъыхьащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Хъубий Марат**. Абы жиIащ и нэIэ щIэт проектхэм щIыналъэ Iуэхугъуэ 20 къызэрызэщIаубыдэр, ахэр и чэзум зэфIэгъэкIынымкIэ 2019 гъэм ялъэкI къызэрамыгъэнэр. Демографием зегъэужьыным ахъшэу сом меларди 2-рэ мелуан 516-рэ кьыхуаутIыпщащ, абы щыщу процент 88,3-р кьагъэсэбэпащ. Хъубийм зэрыжиIамкIэ, сабий садхэм яхуримыкъу тIысыпIэхэр кьызэрагъэпэщащ, щIэуэ 29-рэ яуху, абы щыщу 27-р мы гъэм яухынущ, унагъуэ хуэмыщIагъэмрэ бынунагъуэшхуэхэмрэ хухах ахъшэр и чэзум яIэрохьэ, н.къ.

«Экологие» лъэпкъ проектым и лъэныкъуэкIэ республикэм щызэфIагъэкIахэм щытепсэлъыхьым КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Говоров Сергей** игъэбелджылащ мы лъэпкъ проектыр кIэрыкъубжьэрыхуэр зыхуей хуэгъэзэным, мэз, псы кьабзэхэр къэралым иIэным зэрыхуэлажьэр. 2019 гъэм а унэтIыныгъэм хухахащ сом мелуани 162-рэ. «Бжыгъэр зи лъабжьэ экономикэм, автомобиль гъэгъуэхэм, псэупIэхэмрэ къалэм и теплъэмрэ ехьэлIа лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрызэхъуэ къытеуву IащI КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къуныжь МуIэед**. Абы кьыхиригъэщащ езым ипщэ дэлъ проектхэм кьызэщIаубыдэ IуэхугъуэхэмкIэ республикэм щIыналъэ проект 12 зэрызыщIалажьэр. Кхъахэ хъуэ унэхэм щIэсхэр псэупIэщIэ гъэIэпхъэныкIэ, пщIанIтIэхэр зыхуей хуэгъэзэнкIэ, гъэугъуэр зэгъэпэщыжыныкIэ, щIэхэр ухуэныкIэ блэкIа илъэсым яхуэзфIэкIахэм убгъуэуэ тепсэлъыхьащ Къуныжьыр.

КЪБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис** къызэхуэсахэм я пащхьэ къырихьащ лъэпкъ проектхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэзэщIа щIыхьэр пащIэ зыхуэгъэувыж къалэнхэмрэ Советыр дяпэкIэ зэрырлажьэну щIыкIэмрэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

КIуэкIуэ Казбек щыгъуазэ зищIащ Москва областым щIыналъэр зехьэнымкIэ и центрым и лэжьэкIэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лажьыгъэ Iуэхуэ кIэ Москва областым щыIащ. УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Чернышенко Дмитрий зи пашэ делегацэм хэту ар УФ-м бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьныныгъэмкIэ, связымкIэ, цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министр Шадаев Маскут, Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир сымэ щыIыгъуу щыгъуазэ зищIащ щIыналъэр зехьэнымкIэ и центрым и лэжьэкIэм. Москва областым и губернатор Воробьев Андрей хьэщIэхэм яригъэлъэгъуащ Iуэхуищ IапIэм и Iэнатlэхэр.

ЦЕНТРЫМ ведомствэ зэмылIэужьыгъуэу 30-м я лIыкIуэу цIыхуи 120-рэ щолажьэ. Ахэр зэлъажь унэтIынныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщыщ медицинэр, егъэджэныгъэр, социальнэ дэIэпыкъуныгъэр, гъэугъэмрэ жылагъуэ транспортымрэ, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ кIэрыхубжьэрыхуэхэр зэщIэжъуэныжьмрэ, экологиер, ухуэныгъэр, щынагъэншагъэр, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхуищ IапIэхэр, лъэпкъ проектхэр. Мыбы щIэзэхалъхьэж портал зэмылIэужьыгъуэхэм, губернаторым пIащIэгъуэкIэ хъыбар зэрыгъащIэ линэм, къалэ округхэм я администрацэхэм, социальнэ сетхэм цIыхухэм къагъэхьахэр. УправленэмкIэ центркIэ апхуэдэу къыщызэрагъэпэщащ Москва областым и къалэ округ 64-м.

КIуэкIуэ Казбек зэрыжиIамкIэ, Москва областым щIыналъэр зехьэнымкIэ и центрыр щIыпIэ властыр цIыхухэм япыщIауэ щытынымкIэ, абыхэм я Iуэхухэр медицинэм, егъэджэныгъэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, социальнэ дэIэпыкъуныгъэм, нэгъуэщI Iэнатlэ куэдми псынщIэу щыдгъэзэкIынымкIэ къэралым и Iуэхущ IапIэ нэхъыбI дыдэхэм ящыщ.

«ЩIышылэм и кIэухым центрым щыщыIам Урысейм и Президент Путин Владимир къыхигъэщхьэхуIащ мыпхуэдэ Iуэхущ IапIэхэр къэралым и адрей щыналъэхэми къыщызэрагъэпэщын зэрыхуейр. Урсейм и Правительствэм, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэ Чайкэ Юрий сымэ я дэIэпыкъуныгъэм и фIыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хагъэхьэнущ мыпхуэдэ системэ щызэтрагъэувэну субъектхэм», - къыгъэлъэгъуащ КIуэкIуэ Казбек.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

КЪБР-м и Iэтащхьэр цIыхухэм яхуозэ

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и Правительствэм и Унэм щахуэзащ зи щхьэ IуэхуитIэ къэкIуэлIахэм.

ЩIыналъэм и Унафэщым лъэIу зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зыкъыхуагъэзащ республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ къыкIахэм. Ахэр къызытекIуухьахэм ящыщщ псэуныгъэм, медицинэ дэIэпыкъуныгъэм пыщIа Iуэхухэр. Лъэпкъ щхьэхуэхэр теухуауэ щытащ бын куэд зиIэ унагъуэ нэхъ хуэмыщIахэм, сабий ныкъуэдыкъуэхэм ядэIэпыкъуным.

ЦIыхухэм я лъэIуэхэмрэ тхьэусыхэфэхэмрэ дэгъэкIыным хуэгъэзауэ республикэм и Iэтащхьэм зыхуэфащэ пщэрылъхэр яхуигъэуващ КЪБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ IапIэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Туризмэм зегъэужьыным псэукIэр куэдкIэ елъытащ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым хиубыдэ Тегенекли къуэкIэм иджыблагъэ щригъэкIуэкIа зэIуIэр зытеухуауэ щытар «КЪБР-м и щIыналъэм бгы-лыжэ туризмэм зыщегъэужьыным и Iуэхуитlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр гъэзэщIа зэрыхъурц. Ар къызэрагъэпэщащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Хъэсанов Аскер.

ЗАКОНХЭР къыдэзыгъэкI орган нэхъыщхьэм и Президиумым къызэрыгъэпэща мы Iуэхум кьырихьэлIащ КЪБР-м и Парламентым къыбгъэдэкIыу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт **Ульбашев Мухьэрбий**, КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КЪБР-м и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыIэ **ДыщэкI Мадинэ**, КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрыр и къэралзэхэр зыгъэзащIэ **Щоджэнцыкlу Мурат**, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Залиханов Къанщобий**, «Эльбрус» курорт» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор **Бекаев Хьисэ**, КЪБР-м и Парламентым и депутатхэр, республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районым щIыпIэ унафэр зегъэкIуэныжьмкIэ и органхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэпыщIэм иуз къихуэу КЪБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэмрэ къарбэлгъэ хьэщIэхэмрэ щыIащ Терскол къуажэм сабийуэ 120-рэ щеджэ и школым. Парламентархэр еджапIэ пэшхэм еплъащ, сабийхэм епсэлъащ. Школым и унафэщI **Залихановэ Лейлэ** хьэщIэхэр щыгъуазэ ищIащ егъэджэныгъэр зэрекIуэкIым, абы пыщIа язынкIуэу гугъуехьхэм. Къэпщтэщ, школым и унэр зэущIакъым егъэджэныгъэм и Iуэхущ IапIэхэм иджыблагъэ зэманым хуагъэув мардзэкъм. Зыхуеину пэшхэр ирикъуу зэрамыIэм къыхэкIыу физкультурэмкIэ урокхэр щIыбым щрагъэкIуэкI. Апхуэдэу егъэджэныгъэмкIэ къэрал стандартхэм езэгъ кабинетхэр зэримыIэм къыхэкIыу школыр хагъэхьакъым «Зыужьныныгъэм и къежьапIэ», «Бжыгъэ» федеральнэ проектхэм. Апхуэдэу мы еджапIэм ирикъуу предмет псомкIи езыгъэджэнухэр щыIэкъым.

Залихановэ Лейлэ зэрыжиIамкIэ, иджыпсту щхьэхуэу сабий сад къыщыщIэуахьыну ящI. Ауэ абы гугъуехь гъэзэр, гуп дигъэкIыныкъым. ЦIыкIуэм я бжыгъэр нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкIыу «Школ-сабий сад» комплекс къызэIухын хуейуэ къоув. Школым и унафэщым я гугъуехьхэр дгъэзэкIыныкIэ зыкъыщIагъэкъуэну депутатхэм елъэIуащ.

Адэкlэ хъэщIэкэр къыщыщэтеувыIащ «Чегет» хуейм. Депутатхэр абы и щIытыкIэм, инфраструктурэм еплъащ, зыгъэпсэхуакIуэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къапщытащ, «Чегет» пансионатым и лэжьэкIэм щыгъуазэ защIащ.

А Iуэхущ IапIэхэм зэреплъам и фIыгъэкIэ депутатхэр зытепсэлъыхьащ Iуэхум нэхъ куууэ хэгъуэзащ, а Iэнатlэхэм я унафэщIхэм я информацэри нэгъэсауэ къалъытащ.

Республикэм законкэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зэIуIэ Iуащхьэмахуэ лъапIэ щагъэзэкIыжу къыщIыхьахам и щхьэусыгъуэм теухуауэ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ IапIэхэм я лIыкIуэхэм яжриаIащ:

- Туризмэм и Iэнатlэхэм щыгъуазэ зазэхэщIын ипэкIэ дэ Терскол къуажэм дэт школым дыщыIащ. Дэ ар дигу ирихьащ, езы унэр лажьыгъэм нэсу хуэщIауэ щымытми. Мы школым и классхэм еджакIуэхэр ирикъуу щIэскъыми, цIыкIуэр зэхэдзауэ ирагъэджэн хуей мэхъу. Ауэ абы щыкIэ къэмынэу лэжьыгъэфI яIэщ, педагогхэри гъуэгурыкIуэ щIэщ, абыхэм Iуэху пIыхьакIэхэр къыхэлъытащ егъэджэныгъэр ипэкIэ гъэкIуэтэным, абы зегъэужьным хуэгъэзауэ. А псори дэ Iэмал имыIэу ядэтIысынущ. Нэхъыщхьэращ, дэ нэхъ нэгъэсауэ къыдгурыIуащ хэхауэ дызэгугъэн хуейкэр, республикэм и Правительствэм и пащхьэ итлъхьэпхъэ жэрдэмкэр зыхуэдэр. Иджы дэ а лэжьыгъэм дыхуэхъэзэрц.

Ди зэIуIэр мы щыIпIэм щыщедгъэкIуэкIым и щхьэусыгъуэр кьапщтэмэ, дэ къызэрытIысытэмкIэ, абы Iэмал къет дэтхэнэ щIыналъэм щыIэ гугъуехьхэр нэхъ куууэ зэпкърыкIыныкIэ. Мыпхуэдэ гупшыхуэ дызыкъу дэ Iуащхьэмахуэ районым и щIыналъэм иджы япэу дыкъалкIуэу аращ. Къэгъэльэгъуапхэщ мыр район нэхъ пыдза дыдэу зэрыщытыр. Дяпэкlэ дэ республикэм и адрей районхэми Iэмал зэриIэкIэ нэхъыбэрэ дыкIуэнущ. Щэч хэмылъу, мы щIыналъэм и дахагъэм удеусых. Ауэ районым зегъэужьыныкIэ щIэуэщI къыкIыпIэхэри щыIэщ. Туризмэм нэхъ псынщIэу зиужьыху, Iуащхьэмахуэ районым и Iуэхури нэхъефIэкIуэнущ, сыту жыIпIэмэ, щыIпIэ бюджетми, зэрыщыту республикэ бюджетми я хэхъуэхэм зыкъыIэтынущ. Къыштащыт псалъэмакъыр купщIафIэ хъунущ икIи чэнджэщ тэмэмкIэр, туризмэм и Iэнатlэм зегъэужьыным хузунэтIахэр, къэтщтэфыну сыщогугъ.

Ирагъэжьа псалъэмакъым щыпащащ Урысейм и Пенсэ фондым и кьудамэу КЪБР-м щыIэм и «Эльбрус-Социум» къэрал Iуэхущ IапIэм и еджапIэ-методикэ центрым.

Парламентым и Президиумым и зэIуIэм и пэщIэдзэм Егоровэ Татьянэ туризмэм и Iэнатlэм щаIэ фIыщIэм папщIэ КЪБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылыр яритащ «Эльбрус» кIапсэ гъэзугу» ООО-м и унафэщI Залиханов Ахъмэт, «Промстрой» трест ООО-м и генеральнэ директорым и къуэдзэ Хаджиев Юсуп сымэ. КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и фIыщIэ тхылъыр хуагъэфащащ «Эльбрус» кIапсэ гъэзугу» ООО-м и унафэщым и къуэдзэ Непеев Хьэсэнрэ «Эльбрус» кIапсэ гъэзугу» ООО-м и инженер нэхъыщхьэ Темрокъуэ Юрэрэ. КIапсэ гъэзугур лажьэу зэрауатIыщырэ илъэс 50 зэрырикъум и щIыхькIэ КЪБР-м и Парламентым и Президиумым щIышылъэм и 1-м зыхуэфащэ унафэхэр къыштауэ щытащ.

ЗэIуIэр зытеухуа Iуэху нэхъыщхьэм тепсэлъыхьын щыщIадзэм, КЪБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ къыхигъэщхьэкIащ Урысейм туризмэмкIэ и индустриемрэ и къызэгъэпэщкIэм илъэс зыбжанэ хэтэу зэхуэдэу зэхуэдэныгъэ инхэр халъхьэну зэрыщIадзар. Абы лъандэрэ къэрал кIуэцI туризмэми къэрал щыIэ туризмэми щIэгъэхуэгъэхьауэ заужь, а лэжьыгъэм хиубыдэу нэрылъагъу къэхъуу хуежьащ ди республикэми рекреацэм и лъэныкъуэкIэ хэкIыпIэ инхэр зэрыщыIэр.

Туризмэм зегъэужьыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ, сыту жыIпIэмэ, а Iуэхум ди щIыналъэм и щытыкIэр хуэщIащ. Иужьрей илъэсхэм кIуэтэху хьэщIэ нэхъыбэ къытхуокIуэ ди къэралым и щIыналъэ зэмылIужьыныгъэхэми нэгъэщI къэралхэми ящыщу. ЗыгъэпсэхуакIуэхэм къадэкIуэу спортсменхэри куэд щыIэ.

Гъэ къэс хъэщIэкэр нэхъ дехьэх бгы-лыжэ туризмэм, щIымахуэ зыгъэпсэхуным. Спортым и щIымахуэ лIэужьыгъуэхэр фIыуэ зыльагъуэхэм я дежкIэ курорт гъуэзэджэщ Iуащхьмахуэ лъапIэ. Ар бгы-лыжэ, спорт туризмэмрэ альпинизмэмрэ я тедзапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Иужьрей илъэсхэм хуэдизкIэ зыбжанэкIэ нэхъыбэ хъуащ Iуащхьмахуэ лъапэ зыщыщыгъэпсэхухэр. Ар къэралым, мы щIыпIэм щыпсэухэм, бизнесым зэщIыгъуу къахьа ехьулIэныгъэщ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Абы къыхэзыхыгъэщамкIэ, мы курортыр тэмэму зэтегъэувэжьныжьмкIэ мыхьэнэшхуэ иIащ илъэс псом лажьэ «Iуащхьмахуэ» турист-рекреацэ комплексым и экономикэ щIыналъэ хэха къызэрызэрагъэпэщам. Абы и фIыщIкIэ иджы ди республикэм щыIащ щIыналъэ нэхъ льагэ дыдэм щаухуэурэ кIапсэ гъэзугу, гуп зэмылIэужьыгъуэхэм ятещIыхьа сертификатхэр зиIэ къэжьхьыпIэхэр. Мис аращ мы зыгъэпсэхупIэм Урысейм и бгы-лыжэ курорт нэхъыфI цIэр 2017 гъэм кьыфIащуаз щIыщытар.

Ауэ дэ псоми фIыуэ къыдгурыоIуэ зэфIэдгъэкIахэмкIэ арэзы дыхъуу дытIысыжмэ, Iэнатlэр зэретIысхьынур. Аращ курортым адэкIэ зегъэужьыныр, Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэныр, шынагъэншагъэр гъэлъэшыныр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал властым и Iэнатlэ псоми я къалэн хэхауэ щыщытыр. Экономикэ ехьулIэныгъэ зэрэхэтыр къыщыхъуныр псори зэщIыгъуу дызэдэлажьэмэщ, туризмэм и Iуэхущ IапIэхэм, инфраструктурэм, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым зедгъэужьмэщ.

Бгы-лыжэ туризмэм зегъэужьыныр апхуэдэу къыгурыкIыпIэ имыIэу пыщIащ а спорт лIэужьыгъуэр нэгъабэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спорт Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зэрыхъуам.

Зэрытлъагъуащ, нобэм ирихьэлIэу екъулIэныгъэ пыхыкIахэр щыIащ, ауэ дызэгугъэн хуейкэри мащIэкъым икIи ахэр дэ ди нэкIэ тлъагъуащ. Лъэпкъ стандартхэм ящыщу туристхэм я шынагъэншагъэр кьызэрэзэпэщыныр зыубзыхуэм закон кьару яIэкъым, ахэр чэнджэщ къудейуэ аращ. Дунеяплъэхэр езыгъэкIуэкIэм, гупхэр кьезышэкIэм, инструкторхэм я къалэнхэмрэ жэуаплIныгъэхэмрэ зэщIэзыгъэбэдзэн хабзэ мардзэкъ къащтакъым.

- Федеральнэ Iэнатlэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI иджырей законодательствэм зэхъуэныжьныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ. Ахэр хуэунэтIащ зыгъэпсэхупIэхэм я классификацэ зэтегъэувэным, гупхэм ядэлажьэ инструкторхэр нэхъ тэмэму гъэхъэзырыным, туроператорхэрэ турагентхэмрэ я лэжьыгъэр зэрызэблагъэкIыр гъэтэмэным, туристхэм я хуитныгъэхэр хуэмэным. Шэч хэмылъу, а зэхъуэныжьныгъэ псори сэбэн хъунущ зэрыщыту мы Iэнатlэм зегъэужьыныжьмкIэ, турист лэжьыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щегъэфIэкIуэныжьмкIэ, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и Iэлэнэхэр зыгъэзащIэ **ЩоджэнцыкIу Мурат** зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ иужьрей илъэсиплIым къриубыдэу зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэ туристхэм я бжыгъэр нэрылъагъуу щыхэхъуам и щхьэусыгъуэр мы курортым и лэжькIэр зэрефIэкIуам кьыгуэхьилIэ имыIэу зэрыпыщIам. Лыжэ хъэхъыхьапIэхэр иджырей европэ мардзэкъм къезэгъыу ирагъэфIэкIуащ, кIапсэ гъэзугущIэ ящыкъуэдиящ, Iэмэпсымэхэр хъэхуу щат иджырей центр, турист-информацэ центр кьызэIуахащ. А псоми кьыхэкIыу лыжэкIэ кьыщащхьэ щыпIэхэм заубгъуащ икIи кIапсэ гъэзугхэмрэ къэжьхьыпIэхэмрэ цIыхухэр щызэтримыхьэжу ящIащ, бгы къежьэхьпIэхэм щынагъуэншагъэ нэс къыщыщэрагъэпэщащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 18, *гъубж*

♦Урысей Федерацэм и Транспорт полицэм и маузущ

♦УФ-м Iэщэкlэ Зэщlэуэзда и Къарухэм дзэхэр зыхуей хьэпшыпхэмрэ ерыскьыпхъэзэмкIэ къызэзыгъэпэщ и Iэнатlэм и махуэщ

♦1911 гъэм поштыр зэбгрыкьыным кхъухьлъатэ япэ дыдэу къыщыдэхащ. Ар къыщыхъуар Индиерц: Аллахабад икIыу Наини кIуэ кхъухьлъатэм письмо мини 6,5-рэ, нэгъуэщI корреспонденцэу 250-рэ илъащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми «КхъухьлъатэкIэ зэбграха япэ поштр» жиIэу мыхьэр тегъуэат.

♦1924 гъэм Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIу къыщызэIуахащ.

♦1930 гъэм США-м щыщ астроном Томбэ Клайд Уильям Плутон планетэр зэрыщыIэр кьыхуташ.

♦1943 гъэм Адыгэ Республикэр нэмыцI-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦1945 гъэм Австрием нэмыцкэм щаIа Матхаузен гъэрэщым фашистхэм щаухкIащ генерал-лейтенант, дзэ щIэныгъэхэм я доктор, Совет Союзым и ЛIыхъужь Карбышев Дмитрий.

♦1960 гъэм США-м щыщ Сковро-Вэлли щыпIэм къыщызэIуахащ VIII Щымахуэ Олимп Джэгуэхэр. Ахэр мазаем и 28 пщIондэ екIуэкIащ. Абы щыгъуэщ биатлонр олимп зэхъэзэхуэхэм хагъэхьэхуэу щыщытар (1948 гъэм и ужькIэ хагъэхьэу щытащ).

♦1979 гъэм Сахарэ къумым уэс къыщесащ.

♦Италием щыщ физик, химик цIэрыIуэ, электроуэзджагъэм теухуа щIэныгъэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа **Вольтэ Алессандрэ** къызэрыкIуэр илъэс 275-рэ иригъэкIуащ.

♦Итальием щыщ конструктор, автомобиль къыщIэзыгъэкI компание къызэзыгъэпэща **Феррари Энцэ** къызэрыкIуэр илъэси 122-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тIэунэйрэ и ЛIыхъужь **Тимошенкэ Семён** къызэрыкIуэр илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Совет хэмылъ, парт къулыкъущIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Подгорный Николай** къызэрыкIуэр илъэси 117-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, КЪБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и Iэжьакlэ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн** къызэрыкIуэр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Критик, литературоведэ, УФ-мрэ Адыгеймрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я Iэжьакlэ, ЩIДАА-м и академик **ШащIэ Къазбэч** къызэрыкIуэр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Урысей фигуристкэ, гъэсакIуэ, Олимп Джэгуэхэм (2002) дыжьын медаль къыщызыхьа, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Кафельников Евгений** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

♦Урысей баскетболист, Пекин щекIуэкIа Олимп Джэгуэхэр къыщызэIуахьан УФ-м и къэрал ныпыр утыкум къызыхьа **Кириленко Андрей** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык уфауэ, кьеыс-кьесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 6, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Мазаем и 19, *бзаджэй*

♦Джэйэр хъумэным и дуейпсо махуэщ

♦Тыркумэным и къэрал ныпым и махуэщ

♦Къыргызыстан и финанс полицэм и лэжьакIуэм и махуэщ

♦Армением щагъэлъапIэ тхылъхэр тыгъэ щIым и махуэр

♦Исландием и цIыхубзхэм я махуэр хуагъэлъапIэ

♦США-м и президентхэм я махуэщ

♦1837 гъэм Лермонтов Михаил «Усакlуэм и Iэнэгъэ» усэр, Пушкин Александр зэрыкIам теухуар, итхащ.

♦1855 гъэм синоптикэм я япэ картэр дунейм кьытехьащ. Ар ищIат Париж дэт обсерваторием и унафэщI, Нептун планетэр зэрыщыIэр къэзыхута астроном Леверье Урбен.

♦1878 гъэм макъ зытх Iэмэпсымэ къызэригупсам щыхьэт техьуэ патент ираташ США-м щыщ физик Эдисон Томас.

♦1921 гъэм Профсоюз зэгухьэныгъэхэм я союзпсо сокIыт зэхъущхьэм къыдигъэкI «Труд» газетым и япэ номерыр дунейм кьытехьащ.

♦1926 гъэм СССР-мрэ Сауд Хьэрып Пащтыхьыгъуэмрэ дипломатие хабзэхэмкIэ зэпыщIа хъуащ.

♦1954 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Кьрым областыр РСФСР-м хагъэкIри, Украинэм ираташ.

♦1955 гъэм Москварэ Берлинрэ зэпызыщIэ гъущI гъуэгум лэжьэн щIидзащ.

♦1986 гъэм СССР-м «Мир» станцыр хьэрщым иутIыпщащ. Абы зэрыщыIа илъэсипщым щIигъум къыриубыдэу станцым зыгъэблахъурэ щIыпIэжащ къэрал 12-м щыщ космонавти 104-рэ.

♦Туркменем и президенту щыта **Ниязов Сапармурат** къызэрыкIуэр илъэс 80 ирокъу.

♦Тхыдэжь, академик **Успенский Фёдор** къызэрыкIуэр илъэси 175-рэ ирокъу.

♦Композитор, уэрэджыIакIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, УФ-м гъуазджэкIэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Антонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, УФ-м и цIыхубэ артист, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Москва къэрал филармонием и унафэщI **Чайковский Александр** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, критик, публицист **Рубинштейн Лев** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубэ артист **Митяев Олег** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Урысей дзюдоист, Олимп чемпион (2012), Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Галстян Арсен** и ныбжьыр илъэс 31-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык щэрыIуэ, щIыпIэ щIыгъуу, Махуэм хуабэр градус 11 - 13, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуащхьэ

Хабзэр адэжь щIэинщ.

Туризмэм зегъэужьыным псэукIэр куэдкIэ елъытащ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Мы зэманым Іуащьхьмахуэ курортым кIапсэ гъэзгу зэмылIэужьыгъуэу 11 иІэщ. Бгы-лыжэ къэжьыхьпIэ 18-м ящыщу 7-р Азау хуэйм, 11-р Чегет хуэйм щыIэщ. Лыжэ къэжьыхьпIэхэр псори зэхэту километр 35-рэ мэхъу.

ДызыхуэкIуэ зэманым ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм щытепсэлъыхьыным доклад зыщIам къыхихгъэщхьэхуКIащ экономикэ щыналъэ хэхам зегъэужьыным хиубдзу 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м Урысей Федерацым и Правительствэм къищта унафэ №856-м ипкъ иткIэ федеральнэ бюджетым и хьэжькIэ капитальнэ ухуэныгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIынур. Мы Іуэхум хухаха сом меларди 5,7-м и хьэжькIэ кIапсэ гъэзгущIу 3, псори зэхэту километр 8 хьууэ лыжэ къэжьыхьпIэу 9, автомашинэу 800 зэрыхуэн гъэувыпIэ ящыныщ, Азау хуейм иджырей тыншыпIэхэр къыщызэрагъэпэщыныщ, электрокъарур зрикIуэну кIапсэ іъэщхэр яукъуэдиинущ.

- Бгы-лыжэ туризмэр мыхьэнэ хэха зиІэ Іэнатіэщ икIи абы зэрыщыту Кавказ Ищхьэрэм и туризмэр къыдихьжыну ущыгугъ хъунущ, - жиІащ Щоджэнцыкіу Мурат Министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм къызэрилъытэмкIэ, туризмэм и сыт хуэдэ Іэнатіэми зегъэужьыныкIи мыхьэнэшхуэ иІэщ маркетинг лэжьыгъэм. Къапщтэмэ, ар щынэрылъагъуэ бгы-лыжэ туризмэми. Аращ туризмэм и продукцэр пхыгъэкIыным хуэунэтIа гъэлъэгъэныгъэхэм, конференцхэм, дунейпсо, къэрал кIуэцI зэхыхьэхэм ди республикэр жьыдэжу щIыхэтыр. КъБР-м бгы-лыжэ туризмэм зыщегъэужьыныр информацэ и лъэныкъуэкIэ дэIыгъын икIи инвестицэхэр къызэщIэгъэуIуэн мурадкIэ иджыпсту къагъэсэбэп «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щрагъэкIуэкI турист лэжьыгъэм и Іуэхукіэ» КъБР-м и Законым ипкъ иткIэ зэхалъхьа информацэ системэ зэгуэтыр.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм игъэхьэзырри къыдигъэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ» гъэугаиэ тхылъыр. Иджыпсту ар нэгъуэщI къэралыбзэхэмкIэ къыдагъэкIыну ягъэхьэзыр. Щымахуэ, гъэмахуэ зыгъэпсэхугъэуэ лъэхъэнэхэм япэ къыхуэу щIэрыщIэу хъыдагъэкIыж Іуащьхьмахуэ Іьапэ и картэргъуэгуэлъагъуэр. А псоми къадэкIуэу зэпымыуэу къагъэщIэрэщIэж туризмэм и электрон ресурсэр: іьэпкъ къэхъукъащIэ календарымрэ іьэпкъ турист порталымрэ.

Докладым къызэрыхэщамкIэ, гулъытэ хэха хуащI зыгъэпсэхуакIуэхэмрэ турист кластерым хиубыдэ Іуэхущапіэхэмрэ шынагъуэ къатемыгъэхьэныжьыкIэ лэжьыгъэхэм. Іуащьхьмахуэ Іьапэ щыIэ кIапсэ гъэузгуэм я лэжьэкIэ тещIыхьащ бгы-лыжэ гъэузгуэм я классификацэм икIи иткIэ шынагъуэншагъэр къызэрызэрагъэпэщ системэм къиргъэувэжм. КъБР-м и кIапсэ гъэузгуэм къагъэсэбэп официальнэ сайтхэмрэ социальнэ сетхэмрэ итщ щыжь къэжьыхьпIэхэм я къыхэщхьэхуакIыныгъэхэр, абыхэм туристым къыщыпIыкIыжьыкIэ хъыну щынагъуэхэр. Іуащьхьмахуэ Іьапэ и Азау, Чегет хуейхэм щагъэуващ шынагъуэншагъэ къызэгъэпэщныкIэ жэуап зыхьхэм, къегъэлакIуэ Іэнатіэхэм, хабзэхъумэ органэхэм я телефон номерхэр, апхуэдэу дэтхэнэ туристми игъэзащIэн хуей хабзэхэр къыщыгъэлъагъуэ стендхэр. Апхуэдэу туристхэм радиокIэ зыхуэфащэ Іуэхухэм теухуауэ хъыбар ирагъащIэ.

Уэсукъхуэхэм я шынагъуэм зыщыхъумэныкIэ хабзэхэр зохалъхьащ икIи абыхэм щыгъуазэ ящащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Туризмэмрэ уэнушагъэр зэтегъэувэжьныжьыкIэ и Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхущапіэхэм я унафэщIэкIэр.

Доклад зыщIар апхуэдэу къытеувыIащ гулъытэ хэха зыхуэщIын хуейуэ иджырсту щыIэхэм. Абыхэм ящыщщ зыгъэпсэхуакIуэхэм я Іуэхур дэгъэкIыным пыщIа инфраструктурэм зегъэужьыныр, Азау, Чегет хуейхэм я зэфIэкIыр къызэрагъэсэбэп щIыкIэр тэмэму зэблэгъэкIыныр. Министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм къыхигъэщхьэхуакIащ дунеипIэу я кьалэхэр къезышэкI языныкъуэ Іэщагъэлъэхэм, инструкторхэм я сертификацэр егъэкIуэкIыным щемыгугъу Іэнатіэхэр зэрыщIэр.

Іуащьхьмахуэ муниципальнэ районым и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Атакуев Руслан** зэІуущIэм зэрыщыжиІамкIэ, иджыпсту районым хьэщIэщу, уней комплексу 60-м щIигъу щыIэщ икIи абыхэм зэуэ хьэщIэ миниХ хуэдиз ирагъэблагъэфынущ. Псори зэхэту туризмэмкIэ комплексым мы зэманым цIыху 1500-рэ щолажь.

ЗыгъэпсэхуакIуэхэм хуащIэ Іуэхухьэзэхэм я фIагъэр кьэлэтыным сытым дежи гулъытэ хэха хуащI. Апхуэдэу щыт пэтми, Іенатіэм и лэжьакIуэхэр Іуэхум хуэІэкIуэлъакIуэу зэрыщымытым, абыхэм я кьалэнхэр нэгъэсауэ зэрамыгъэзащIэм теухуа тхъуэсыхафэхэр иджыри щыIэщ.

- Дэ зэпымыуэ мы Іуэхум дыкIэлъопIэ икIи абы и лъэныкъуэкIэ социальнэ сетхэр щыдопщытыкI, туристхэм дахоупщIыхь, - жиІащ Атакуев Руслан. - Нэрылъагъущ Іуащьхьмахуэ курортым и лэжьыгъэр гъэ къэс зэрефIакIуэр, ауэ ныкъусаныгъэхэри нэгъэсауэ гъэкIуэда зэрымыхъуар. Абы къыхэкIыу зыхуэфащэ Іэнатіэхэр зэпымыуэ хьэрычэтыщIэхэм, псом хуэмыдэу шхапIэхэм я унафэщIэхэм, ядолажь Іуэхур егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ.

Администрацым и Іэтащхьэм и кьуэдзэм къиІэтащ экологием и Іуэхури. Абы зэрыжиІамкIэ, курортым и щIыналъэмрэ туристхэм я маршрутхэр зрикIуэ бгыхэмрэ кIэрыхубжьэрыухэр щызэщIэкIэным, маршрутыщIэхэр къызэIуэхыным я нэІэ трагъэтщ.

Доклад зыщIам къыхиупхьащ бгы-лыжэ курортым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза Іуэху зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Іэщагъэ нэх зиІэ инструкторхэр, зыгъэпсэхуакIуэ гупэкр кьезышэкI Іэщагъэлъэхэр щагъэхьэзыр школ кьиІэтыкIуэ, туризмэм пыщIа хъыбарегъащIэ центрхэм, транспорт гъэувыпIэхэм зегъэубгъуныр, уэсукъхуэхэм защIэхъумэныкIэ проектхэр гъэзащIэныр, нэгъуэщIхэри.

«Іуащьхьмахуэ» курорт» акционер зэгугъэныгъэм и генеральнэ директор **Беккаев Хьисэ** зэрыжиІамкIэ, курортым и кIапсэ гъэузгуэм хуэдэ Урысейм и адрей щIыналъэхэм щIыкIэным. Чегет и къэжьыхьпIэ гъэузгуэр Европэ псом щынэхъ тэмэмхэм хабжэ икIи абыхэм сыт хуэдэ зэхъэзэхуэхэри щебгъэкIыкI хъунущ. Бгы-лыжэ къэжьыхьпIэхэм я щытыкIэр дунейпсо мардэхэм зэрезэгъым теуха аттестацэ ирагъэкIыжащ икIи абы кьыхэкIыу Іуащьхьмахуэ курортым къыщызэрагъэпэщ зэхъэзэхуэ нэхъ ин дыдэхэр. Іэщапщтэмэ, бгы-лыжэ спортымкIэ Урысейм и чемпионатыр, бгы-лыжэ спортымкIэ Урысейм и кубокыр къэхьыным хиубыдэ зэхъэзэхуэр Чегет кьыщызэрагъэпэщащ икIи абы Урысей Федерацэм и щIыналъэу 13-м я спортсменхэр хэтащ.

Беккаев Хьисэ тепсэлъыхьащ бгы-лыжэ спортымкIэ, фристайлымкIэ къэралым, щIыналъэ щхьэхуэхэм я командэ къызэхэхэм мы щIыпIэм гъэмахуэм зэрызыщагъасэр. Іуащьхьмахуэ Іэмал псори щыIэщ дунейпсо утыкум ихьэфыну спортсменхэм я зэфIэкIыр ирагъэфIэкIуэныжьмкIэ. Ауэ абы папщIэ Іэмал имыІэу къызэIухьыжьы хуейщ 1964 гъэм щегъэжьауэ мыбы щылажьэу щыта бгы-лыжэ интернатыр.

- «Іуащьхьмахуэ» курортым зыщызыгъэпсэхуэхэм кIапсэ гъэузгуэр, къэжьыхьпIэхэр къагъэсэбэпыныжьмкIэ абонементыр Урысей псом щынэхъ пудщ. Абы и уасэр сом 1900-рэ хъуэ аращ. Адрей курортхэм хуэмыдэу, гуфIэгъуэ махуэхэмрэ тхъэмахуэ махуэхэмри уасэм щIагъуэрыкIыну, ильэс хъурейм абы зимыхьуэжу йокIуэкI, - къыгъэлъэгъуащ Беккаев Хьисэ.

КъБР-м и Парламентым Физкультурэмкіэ, спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен** кьыхигъэщхьэхукIащ Іуащьхьмахуэ Іьапэ республикэм и Іьапэ нэхьыщхьэхэм зэращыщыр.

- Совет зэманми хуэдэу, ноби Іуащьхьмахуэ Іьапэ бгы-лыжэ туризмэмрэ альпинизмэмрэ я щIыналъэщ. Ауэ абы кьыдэкIуэу къэгъэльэгъуаупхъэщ бгыльэ щIыпIэхэм туризмэм зыщегъэужьынымкIэ ди дежи нэгъуэщI хэкIыпIэхэри зэрыщыIэр. Апхуэдэ щIыналъэхэм ящыщ зыщI Шэрэдж псыхъэр, - жиІащ Бэрэгъун Арсен.

Депутатым къызэрилъытэмкIэ, инвестицэ проект инхэр гъэхьэзырыным икIи гъэзэщIэным пыщIауэ егупсысыпхьэщ «Къыршэм и Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проект зэхэпхьэным икIи абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэу кьапщтэ хъунущ Франджым щекIуэкI лэжьыгъэхэр.

ЗэІуущIэр зытеухуа Іуэхум езыр зэрепIыр утыку кьрихьащ КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**. Абы нэхъ тригъэщIащ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм лъэпкъ проект щхьэхуэхэр гъэзэщIэныкIэ эфIагъэкIхэм.

КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Федераль Іэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт **Ульбашев Мухьэрбий** Президиумым и зэІуущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ мы зэманым «Бгылъэ щIыналъэхэм я Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проектыр гъэхьэзырыным зэрелэжьым. Апхуэдэу сенаторыр тепсэлъыхьащ «Курорт инфраструктурэм зегъэужьыныкIэ Гъэнэхуныгъэ Кърым Республикэм, Алтай крайм, Краснодар крайм, Ставрополь крайм щегъэкIуэкIыным и Іуэхукіэ» федеральнэ законыр гъэзэщIа зэрыхъум.

- Законыр гъэнэхуныгъэ лъабжьэ тетыу 2022 гъэм нэсыху лэжьэнущ. Абы иужькIэ гъэунэхуныгъэм кьрикIуахэр кьапщытэжьынурэ, адэкIэ мы Іуэхум Урысей Федерацэм и щIыналъэм зыщегъэужьыным теухуа унафэ кьащтэнущ. СызэреплъымкIэ, мы зэконыр дальэныну ущыгугъ хъунущ. Ауэ УФ-м и субъектхэм езыхэм хуитыныгъэ яІэнущ ар кьащтэнымкIэ е къамыщтэнымкIэ. Абы папщIэ зэман куэд къэнэжакъым, икIи абы кьрикIуэхэр зэщIыгъуу зэпщытщтэмэ, сэбэп хъуну къызэлъытэ, - къыгъэлъэгъащ Ульбашев Мухьэрбий.

Депутатхэмрэ зэІуущIэм къраГъэблэгъахэмрэ зэхуаІуэтащ туризмэм и Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхутхьэбзэхэм я фIагъэр кьэІэтыным, хьэщIэщхэмрэ адрей псэупIэхэмрэ егъэфIэкIуэным, республикэм исхэм я щIыналъэмэ зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщыным, псэупIэмрэ щхьэныкъэ, апхуэдэу кIапсэ гъэузгуэмрэ къэжьыхьпIэхэмрэ я уасэхэр гъэтэмэныным, хьэрычэт Іуэху мыинхэмрэ курыт-хэмрэ я Іэнатіэхэм къэралым и дэІэпыкъуныгъэ етыным, щIыналъэхэм я санитар-эпидемиологие щытыкIэр егъэфIэкIуэным, къуршхэм зыщызыгъэпсэхуэхэм щынагъуэншагъэ къахуэзэгъэпэщыным, транспорт гъэувыпIэхэр нэхъыбэ щIыным, нэгъуэщIхэм ятеухуа Іуэхухэр. Абыхэм зэакъылэгъуу жаІащ КъБР-м гупэкIэ щIэуэгъуэ зиІэ икIи фейдэ къэзылэжь щIэпсэхуэпIэ комплекс лъэщ зэтегъэувэным хуэунэтIауэ зэрыщытыпхъэр. Абы щыгъуэщ туризмэмрэ альпинизмэмрэ экономикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэнатіэ щыхъунур.

ЗэІуущIэм щыжаІахэм ящкъ иткIэ КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм кьащтащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Экономикэ зыужьынымкIэ и министерствэм, Іуащьхьмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм, «Іуащьхьмахуэ» курорт» акционер зэгухьэныгъэм, «Эльбрустурист» акционер зэгухьэныгъэм, «Іуащьхьмахуэ» кIапсэ гъэузгу» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм яхуэгъэза ч эн дежщхэр.

ЗэІуущIэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ** псалъэмакъ купщIафIэ зэрекIуэкIар къыхигъэщхьэхукIащ икIи іьэзэхуэсахэм абы папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

- Дэ дрогушхуэ Европэм и щIыгу нэхъ льагэ дыдэ Іуащьхьмахуэ республикэм и щIыналъэм зэрыхиубыдэм, - жиІащ абы. - Ауэ дэ дыхуейщ курортым и инфраструктурэр, туризмэмрэ альпинизмэмрэ абы къызэрыщызэгъэпэщар Европэ псом щынэхъыфIу щытыну. Абы папщIэ длэжьын хуейкIэр, кластерым зегъэужьынымкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр тэмэму къыдгуроIуэ. А кластерым и сэбэпынагъэ республикэм и экономикэм екIын икIи бюджетым и хэхъуэ Іыхьэр абы игъэбгъуэн хуейщ.

Іуащьхьмахуэ муниципальнэ районым и лIыкIуэхэм яхуэгъэзэуэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым жиІащ:

- Фэ фи Іуэхур зэрымытыншыр псоми дольагъ. Апхуэдэу щыт пэтми, районым зэпымыуэ зеужь, къэрал программэхэмрэ парт проектхэмрэ япкъ иткIэ мыбы сабий садхэр, Щэнхабзэмкіэ унэхэр, стадионхэр, фельдшер-акушер пунктхэр щаугъэ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм папщIэ фIыщIэ фхуэсщIыну, апхуэдэу районым, республикэм я цIэр фIыкIэ гъэІуныр куэдкIэ зэлъыта туризмэм зегъэужьыныжьмкIэ екъулIэныгъэхэр фиІэну сыныв эхъэхъуну сыхуейщ.

Апхуэдэу Хэку зауэшхуэм кьыщытхъа ТекIуэныгъэр ильэс 75-рэ щрикъу пIалъэ Іуэхущхьэм и кIыхьуэу іьыхьэзэгъэ кьызэлъытэ Хэкум и хъумакIуэхэм я лIыхъужьыгъэр къэхутэжьынымкIэ «Мемориал-Эльбрус» кьэлъыхьакIуэ гупым лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэзащIэр.

Хабзэ зэрыхъуам тету, КъБР-м и Парламентым и депутатхэр зэІуущIэм иужькIэ цIыхухэм яхуэзащ. Я щхьэ Іуэхухэм теухуауэ депутатхэм захуэзэщIыгъэзахэм кьалэтащ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм пыщIа гугъуэхэхэр, псы фIейхэр щагъэкъабзэ канализацэ коллектор Тырныауэ кьалэм щыщIынур, «Іуащьхьмахуэ Іьапэ» іьэпкъ паркым щрагъэкIуэкI ухуэныгъэхэм я экологие экспертизэ егъэкIуэкIынур. УпщIэ щхьэхуэхэм ящыщ зыр теухуауэ щытащ дунеяплIэ гупхэм я маршрутхэр кьэралыгъэм и къэралыгъэ хиубыдэ щыпIэхэм кьызэрыщызэрагъэпэщым.

Цыхухэм кьыхалъхьа псори гупсэхуу зэпкърахащ, абыхэм зыхуэфащэ юридическэ чэнджэщхэр ираташ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

● Лыхъужьхэр ящыгъупщэркъым

Кыщпэк и хьэщIэхэр

Кыщпэк курыт еджапIэм иджыблагъэ къыщызэIуахащ «Лыхъужьхэм я блын» зыфIаща стендыр. Ар трауэхуащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьэ ильэс 75-рэ зэрырикъум.

ЗЭХУЭСЫМ хэтащ Урысейм и Лыхъужь, генералмайор **Тулин Сергей**, УФ-м Іэщакіэ ЗэщIэуэзэда и Къарухэм офицеру кьыхэкIыжакъэм я «Мегапир» зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Атаев Жашарбек**, «Урысейм дрихэкъупсэщ» урысейпсо зэхьихьэм и штабым и унафэщI, запасым щыIэ полковник **Балъкъэр Хьэсэн**, Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Къэзан Заур**, Кыщпэк къуажэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI **Елбэд Артур**, районым егъэджэныгъэмкIэ и Іэнатіэм и унафэщI **Абрэдж Тамарэ**, жылэдэсхэр, щIалэгъуалэр. Абыхэм зэгъусэу зыщапIыхьащ школым и лъэхэхутэ музейм. Абдеж къыщызэрагъэпэщат ТекIуэныгъэр ильэс 75-рэ зэрырикъуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэр.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ дакъикъэкIэ щыгъуэ нэужь, «Лыхъужьхэм я блыныр» къызэIуахащ, удз гъэгъахэр ягъэтIылъащ. НыбжьыщIэхэм махуэшхуэм зыхуагъахьэзырат: абыхэм зауэ лъэхъэнэм теухуа усэхэмрэ уэрэдзэмрэ утыкум щыжаІащ.

Кьызэхуэсахэр и утыкум щыжаІэщ. Хьэрэ-хьэрэ щыгъуэ ящащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Туризмэмрэ уэнушагъэр зэтегъэувэжьныжьмкIэ и Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхущапіэхэм я унафэщIэкIэр.

Доклад зыщIар апхуэдэу къытеувыIащ гулъытэ хэха зыхуэщIын хуейуэ иджырсту щыIэхэм. Абыхэм ящыщщ зыгъэпсэхуакIуэхэм я Іуэхур дэгъэкIыным пыщIа инфраструктурэм зегъэужьыныр, Азау, Чегет хуейхэм я зэфIэкIыр кьызэрагъэсэбэп щIыкIэр тэмэму зэблэгъэкIыныр. Министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм къыхигъэщхьэхуакIащ дунеипIэу я кьалэхэр кIэухэр кьезышэкI языныкъуэ Іэщагъэлъэхэм, инструкторхэм я сертификацэр егъэкIуэкIынымкIэ щемыгугъу Іэнатіэхэр зэрыщIэр.

Іуащьхьмахуэ муниципальнэ районым и Іэтащхьэм и кьуэдзэ **Атакуев Руслан** зэІуущIэм зэрыщыжиІамкIэ, иджыпсту районым хьэщIэщу, уней комплексу 60-м щIигъу щыIэщ икIи абыхэм зэуэ хьэщIэ миниХ хуэдиз ирагъэблагъэфынущ. Псори зэхэту туризмэмкIэ комплексым мы зэманым цIыху 1500-рэ щолажь.

ЗыгъэпсэхуакIуэхэм хуащIэ Іуэхухьэзэхэм я фIагъэр кьэлэтыным сытым дежи гулъытэ хэха хуащI. Апхуэдэу щыт пэтми, Іенатіэм и лэжьакIуэхэр Іуэхум хуэІэкIуэлъакIуэу зэрыщымытым, абыхэм я кьалэнхэр нэгъэсауэ зэрамыгъэзащIэм теухуа тхъуэсыхафэхэр иджыри щыIэщ.

- Дэ зэпымыуэ мы Іуэхум дыкIэлъопIэ икIи абы и лъэныкъуэкIэ социальнэ сетхэр щыдопщытыкI, туристхэм дахоупщIыхь, - жиІащ Атакуев Руслан. - Нэрылъагъущ Іуащьхьмахуэ курортым и лэжьыгъэр гъэ къэс зэрефIакIуэр, ауэ ныкъусаныгъэхэри нэгъэсауэ гъэкIуэда зэрымыхъуар. Абы къыхэкIыу зыхуэфащэ Іэнатіэхэр зэпымыуэ хьэрычэтыщIэхэм, псом хуэмыдэу шхапIэхэм я унафэщIэхэм, ядолажь Іуэхур егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ.

Администрацым и Іэтащхьэм и кьуэдзэм къиІэтащ экологием и Іуэхури. Абы зэрыжиІамкIэ, курортым и щIыналъэмрэ туристхэм я маршрутхэр зрикIуэ бгыхэмрэ кIэрыхубжьэрыухэр щызэщIэкIэным, маршрутыщIэхэр кьызэIуэхыным я нэІэ трагъэтщ.

Доклад зыщIам къыхиупхьащ бгы-лыжэ курортым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза Іуэху зыбжанэ. Абыхэм ящыщщ Іэщагъэ нэх зиІэ инструкторхэр, зыгъэпсэхуакIуэ гупэкр кьезышэкI Іэщагъэлъэхэр щагъэхьэзыр школ кьиІэтыкIуэ, туризмэм пыщIа хъыбарегъащIэ центрхэм, транспорт гъэувыпIэхэм зегъэубгъуныр, уэсукъхуэхэм защIэхъумэныкIэ проектхэр гъэзащIэныр, нэгъуэщIхэри.

«Іуащьхьмахуэ» курорт» акционер зэгугъэныгъэм и генеральнэ директор **Беккаев Хьисэ** зэрыжиІамкIэ, курортым и кIапсэ гъэузгуэм хуэдэ Урысейм и адрей щIыналъэхэм щIыкIэным. Чегет и къэжьыхьпIэ гъэузгуэр Европэ псом щынэхъ тэмэмхэм хабжэ икIи абыхэм сыт хуэдэ зэхъэзэхуэхэри щебгъэкIыкI хъунущ. Бгы-лыжэ къэжьыхьпIэхэм я щытыкIэр дунейпсо мардэхэм зэрезэгъым теуха аттестацэ ирагъэкIыжащ икIи абы кьыхэкIыу Іуащьхьмахуэ курортым кьыщызэрагъэпэщ зэхъэзэхуэ нэхъ ин дыдэхэр. Іэщапщтэмэ, бгы-лыжэ спортымкIэ Урысейм и чемпионатыр, бгы-лыжэ спортымкIэ Урысейм и кубокыр кьэхьыным хиубыдэ зэхъэзэхуэр Чегет кьыщызэрагъэпэщащ икIи абы Урысей Федерацэм и щIыналъэу 13-м я спортсменхэр хэтащ.

Беккаев Хьисэ тепсэлъыхьащ бгы-лыжэ спортымкIэ, фристайлымкIэ къэралым, щIыналъэ щхьэхуэхэм я командэ кьызэхэхэм мы щIыпIэм гъэмахуэм зэрызыщагъасэр. Іуащьхьмахуэ Іэмал псори щыIэщ дунейпсо утыкум ихьэфыну спортсменхэм я зэфIэкIыр ирагъэфIэкIуэныжьмкIэ. Ауэ абы папщIэ Іэмал имыІэу кьызэIухьыжьы хуейщ 1964 гъэм щегъэжьауэ мыбы щылажьэу щыта бгы-лыжэ интернатыр.

- «Іуащьхьмахуэ» курортым зыщызыгъэпсэхуэхэм кIапсэ гъэузгуэр, къэжьыхьпIэхэр къагъэсэбэпыныжьмкIэ абонементыр Урысей псом щынэхъ пудщ. Абы и уасэр сом 1900-рэ хъуэ аращ. Адрей курортхэм хуэмыдэу, гуфIэгъуэ махуэхэмрэ тхъэмахуэ махуэхэмри уасэм щIагъуэрыкIыну, ильэс хъурейм абы зимыхьуэжу йокIуэкI, - къыгъэлъэгъуащ Беккаев Хьисэ.

КъБР-м и Парламентым Физкультурэмкіэ, спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен** кьыхигъэщхьэхукIащ Іуащьхьмахуэ Іьапэ республикэм и щIыналъэщ. Ауэ абы кьыдэкIуэу къэгъэльэгъуаупхъэщ бгыльэ щIыпIэхэм туризмэм зыщегъэужьынымкIэ ди дежи нэгъуэщI хэкIыпIэхэри зэрыщыIэр. Апхуэдэ щIыналъэхэм ящыщ зыщI Шэрэдж псыхъэр, - жиІащ Бэрэгъун Арсен.

Депутатым кьызэрилъытэмкIэ, инвестицэ проект инхэр гъэхьэзырыным икIи гъэзэщIэным пыщIауэ егупсысыпхьэщ «Къыршэм и Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проект зэхэпхьэным икIи абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэу кьапщтэ хъунущ Франджым щекIуэкI лэжьыгъэхэр.

ЗэІуущIэр зытеухуа Іуэхум езыр зэрепIыр утыку кьрихьащ КъБР-м и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Іуэхуэмкіэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**. Абы нэхъ тригъэщIащ щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм лъэпкъ проект щхьэхуэхэр гъэзэщIэныкIэ эфIагъэкIхэм.

КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу Урысей Федерацэм и Федераль Іэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэт **Ульбашев Мухьэрбий** Президиумым и зэІуущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ мы зэманым «Бгылъэ щIыналъэхэм я Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проектыр гъэхьэзырыным зэрелэжьым. Апхуэдэу сенаторыр тепсэлъыхьащ «Курорт инфраструктурэм зегъэужьыныкIэ Гъэнэхуныгъэ Кърым Республикэм, Алтай крайм, Краснодар крайм, Ставрополь крайм щегъэкIуэкIыным и Іуэхукіэ» федеральнэ законыр гъэзэщIа зэрыхъум.

- Законыр гъэнэхуныгъэ лъабжьэ тетыу 2022 гъэм нэсыху лэжьэнущ. Абы иужькIэ гъэунэхуныгъэм кьрикIуахэр кьапщытэжьынурэ, адэкIэ мы Іуэхум Урысей Федерацэм и щIыналъэм зыщегъэужьыным теуха унафэ кьащтэнущ. СызэреплъымкIэ, мы зэконыр дальэныну ущыгугъ хъунущ. Ауэ УФ-м и субъектхэм езыхэм хуитыныгъэ яІэнущ ар кьащтэнымкIэ е къамыщтэнымкIэ. Абы папщIэ зэман куэд къэнэжакъым, икIи абы кьрикIуэхэр зэщIыгъуу зэпщытщтэмэ, сэбэп хъуну къызэлъытэ, - къыгъэлъэгъащ Ульбашев Мухьэрбий.

Депутатхэмрэ зэІуущIэм къраГъэблэгъахэмрэ зэхуаІуэтащ туризмэм и Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхутхьэбзэхэм я фIагъэр кьэІэтыным, хьэщIэщхэмрэ адрей псэупIэхэмрэ егъэфIэкIуэным, республикэм исхэм я щIыналъэмэ зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщыным, псэупIэмрэ щхьэныкъэ, апхуэдэу кIапсэ гъэузгуэмрэ къэжьыхьпIэхэмрэ я уасэхэр гъэтэмэныным, хьэрычэт Іуэху мыинхэмрэ курыт-хэмрэ я Іэнатіэхэм къэралым и дэІэпыкъуныгъэ етыным, щIыналъэхэм я санитар-эпидемиологие щытыкIэр егъэфIэкIуэным, къуршхэм зыщызыгъэпсэхуэхэм щынагъуэншагъэ къахуэзэгъэпэщыным, транспорт гъэувыпIэхэр нэхъыбэ щIыным, нэгъуэщIхэм ятеухуа Іуэхухэр. Абыхэм зэакъылэгъуу жаІащ КъБР-м и Парламентым зыщегъэужьынымкIэ лэжьыгъэхэр щIэуэгъуэ зиІэ икIи фейдэ къэзылэжь щIэпсэхуэпIэ комплекс лъэщ зэтегъэувэным хуэунэтIауэ зэрыщытыпхъэр. Абы щыгъуэщ туризмэмрэ альпинизмэмрэ экономикэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэнатіэ щыхъунур.

ЗэІуущIэм щыжаІахэм ящкъ иткIэ КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэм кьащтащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, КъБР-м Экономикэ зыужьынымкIэ и министерствэм, Іуащьхьмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм, «Іуащьхьмахуэ» курорт» акционер зэгухьэныгъэм, «Эльбрустурист» акционер зэгухьэныгъэм, «Іуащьхьмахуэ» кIапсэ гъэузгу» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм яхуэгъэза чэнджэщхэр.

ЗэІуущIэм и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщ **Егоровэ Татьянэ** псалъэмакъ купщIафIэ зэрекIуэкIар кьыхигъэщхьэхукIащ икIи іьэзэхуэсахэм абы папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

- Дэ дрогушхуэ Европэм и щIыгу нэхъ льагэ дыдэ Іуащьхьмахуэ республикэм и щIыналъэм зэрыхиубыдэм, - жиІащ абы. - Ауэ дэ дыхуейщ курортым и инфраструктурэр, туризмэмрэ альпинизмэмрэ абы къызэрыщызэгъэпэщар Европэ псом щынэхъыфIу щытыну. Абы папщIэ длэжьын хуейкIэр, кластерым зегъэужьынымкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр тэмэму къыдгуроIуэ. А кластерым и сэбэпынагъэ республикэм и экономикэм екIын икIи бюджетым и хэхъуэ Іыхьэр абы игъэбгъуэн хуейщ.

Іуащьхьмахуэ муниципальнэ районым и лIыкIуэхэм яхуэгъэзэуэ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым жиІащ:

- Фэ фи Іуэхур зэрымытыншыр псоми дольагъ. Апхуэдэу щыт пэтми, районым зэпымыуэ зеужь, къэрал программэхэмрэ парт проектхэмрэ япкъ иткIэ мыбы сабий садхэр, Щэнхабзэмкіэ унэхэр, стадионхэр, фельдшер-акушер пунктхэр щаугъэ. Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм папщIэ фIыщIэ фхуэсщIыну, апхуэдэу районым, республикэм я цIэр фIыкIэ гъэІуныр куэдкIэ зэлъыта туризмэм зегъэужьыныжьмкIэ екъулIэныгъэхэр фиІэну сыныв эхъэхъуну сыхуейщ.

Апхуэдэу Хэку зауэшхуэм кьыщытхъа ТекIуэныгъэр ильэс 75-рэ щрикъу пIалъэ Іуэхущхьэм и кIыхьуэу іьэзэхуэсахэм я щIыналъэ щхьэхуэхэм я Іуэхукіэ» федеральнэ законым и проектыр гъэхьэзырыным зэрелэжьым. Апхуэдэу сенаторыр тепсэлъыхьащ «Курорт инфраструктурэм зегъэужьыныкIэ Гъэнэхуныгъэ Кърым Республикэм, Алтай крайм, Краснодар крайм, Ставрополь крайм щегъэкIуэкIыным и Іуэхукіэ» федеральнэ законыр гъэзэщIа зэрыхъум.

- Законыр гъэнэхуныгъэ лъабжьэ тетыу 2022 гъэм нэсыху лэжьэнущ. Абы иужькIэ гъэунэхуныгъэм кьрикIуахэр кьапщытэжьынурэ, адэкIэ мы Іуэхум Урысей Федерацэм и щIыналъэм зыщегъэужьыным теуха унафэ кьащтэнущ.

Уэрэдыlакlуэ цlэрыlуэ Бэрэгъун Владимир къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу

Лъэпкъым куэд хуэзылэжьа

Iуэрыlуатэдж, уэрэджыlакlуэ, композитор Бэрэгъун Владимир и цlэм, хуэфащэ дыдэу, увыпlэ щхьэхуэ щеубыд Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и тхыдэм. Лъэпкъ макъамэ Iуэрыlуатэм емызэшыжу зэрыкъэзыкъыьам и фlыгъэкlэ зэхуэхьэсыжа, нотэкlэ тха хуэуад адыгэ цlыхуфэ уэрэдэ пшынальэу куэд дыдэ.

Бэрэгъун Владимир 1939 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м Кэнжэ къуажэм къыщалъхуад. Курыт джаназм щыщlэсым ар жыджэру хэтт художественнэ самодеятельностым. Абы макъ шэщlа дахэкlэ жиlэрт адыгэ уэрэдыжьхэрэм композиторхэм я lэдакъэщlэкlэрэм.

1958 гъэм Владимир щlэтlысхьад Налшык и музыкэ училищэм. Зы илъэс еджауэ, ар 1959 гъэм Саратов дэт къэрал консерваторэм ягъэкlуащ. Илъэситlкlэ щагъэхьэзыр курсхэм щlэсри, 1961 гъэм еджапlэм уэрэдыжьакlуэхэм я факультетым щlэхуащ. Абы зыщылъэщlащ, профессиональнэ щыхъуащ Бэрэгъуным и драмэ тенор макъ lуэжьыгъуэм.

1962 - 1965 гъэхэм Владимир дзэм къулыкъу щищlэри, къиуха консерваторэм игъэзэжащ. Абы къарагъэкlри, адыгэ щlалэр и республикэм къагъэкlуэжащ икlи Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым илъэсибгъукlэ щылэжьащ. А илъэсхэм къриубыдэу ар хэтащ оперэмрэ классикэ опереттэмрэ я спектаклу 19-м.

1972 гъэм Бэрэгъуным ыкъыуагъэфэщащ «КъБАССР-м щыхъ зиlэ и артист» цlэ лъа-



пlэр. 1977 гъэм ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием кlуащ солист-вокалисту, апхуэдэуи а Iуэхущlапlэм и художественнэ унафэщl къалэнри здзидыащ. Илъэсипщlдэкlа иужь, къэрал филармонием и унафэщl кулыкъур кьыхуагъэфэщащ.

Москва дэт «Композитор» тхылъ тедзапlэм 1980 гъэм къыщыдэкlын щlидзауэ щытащ адыгэ уэрэдэмрэ пшынальэхэмрэ щызэхуэхьэса, том куэд хъу тхылъхэр. Бжьдыгъуэхэм, шапсигъэхэм, абазэхэхэм, бесльнейхэм, кlэмыргуейхэм, къобэрдейхэм, нэгъуэщl адыгэ лъэпкъхэмри я макъамэ зэмылlэужьыгъуэу абы ихуэхэр зыхуейр хуэгъэзауэ егъэтхыным и гущlэ куэд ирихьэлlащ Владимир. Псэкупсэ къулеигъэу, художественнэ лъапlэныгъэу а къыдэкlыгъуэхэм къапкърыкlыр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ, сыту жыпlэмэ, а уэрэдхэмрэ пшынальэхэмрэ яхъумащ Кавказым щыпсэу лъэпкъыжьхэм ящыщ, зи тхыдэм илъэс минихым щlигъу къызэщlиубыдэ адыгэхэм я къекlуэкlыкlар.

1982 гъэм Бэрэгъуным къыфlащащ «КъБАССР-м и цlыхуфэ артист» щlыхьыцlэр. Къыкlэлъыкlуэ илъэсым республикэм и саугъэтым и лауреат хъуащ.

Лъэпкъ макъамэ гъуэзджэм хэлъхьэныгъэфl хуэзыщlахэм ящыщ зыщ Бэрэгъун Владимир. «Мадинэ», «Дахэнагъуэ» лъэпкъ оперэхэм роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщlащ, Зауррэ Джэримэсрэ я ариехэр екlуу щыжиlащ.

Музыкэ гъуэзджэм щиlэ екъулlэныгъэхэр къалъытэри, 1996 гъэм къыфlащауэ щытащ «УФ-м гъуэзджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ» щlыхьыцlэр.

Бэрэгъун Владимир 1997 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м и къару илъыгъуэу дунейм ехьажащ.

Щыхь къуэлэнхэр.

● Щlыуэпс

Кавказ щыхьым и бжыгъэм хагъэхъуэж

Ижь-ижьыж лъандэрэ тхыдэтхэм, тхакlуэхэм, усакlуэхэм яфlэтелъыджэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр цlэрыlуэ зыщlар и щlыуэпс дахэращ. Пэжу, тхыдэ щхьэхуэ зиlэ щыпlэхэмкlэ, къэкlыгъэ, псэущхьэ гъэщlэгъуэнхэмкlэ къулейщ ди хэкур. Арами, щы-Iэщ ди щlэныгъэлlэхэр зыгъэгуауэщхьэуэ, щlыуэпсым ехьэлlа гукъеуэ гуэрхэри. Абыхэм ящыщщ щыхь къуэлэн лъы къабзэ зэрамыгъуэтыжыр.

20-нэ лlэщlыгъуэм и пэщlэдзэм ирихьэлlэу зи гугъу тщlы псэущхьэр Кавказ Ищхьэрэм щамыгъэтыжыхьэу бзэхащ. А ныкъусаныгъэр зыгуэрурэ ягъэзэкlуэжьын я гугъэу, щыхь къуэлэнхэр щыналъэ зэмылlэужьыгъуэхэм кърашыурэ, Кавказ Ищхьэрэм кърагъэтlысхьэу щlадзат биологхэм. Къыхэзэщlапхъэщи, Кавказым кърашэлlа щыхьхэм яхэттэкъым щыхь къуэлэн хабзэ жьыхуэжьу, щlэныгъэлlэхэр зыlтыехъуэр. Атlэ, абы илъ зыхэт щыхь лlэужьыгъуэ щыхь эхуэт ахэр. Зэрыгурыlуэгъуэщи, апхуэдэ щыхьхэм щакlуэхэм деж щlэупщlэ щаlэхакъым, фейдэ къпкъэ щаныкlакъым. Мы Iуэхум нэгъэущl ныкъусаныгъи къыкlэлъыкlуащ - щыхь тумэхэр багъэуэри, щыхь къуэлэн къабзэм хуэхха хъумапlэхэр яубыдащ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ Кавказым щыпсэуа щыхь къуэлэным и генетикэр (ДНК) яджауэ, а мардэхэм къезэгъ щыхь лlэужьыгъуэщ къалъыхъуэр щlэныгъэлlэхэм нобэр къыздэсым. Апхуэдэу, хэплъэ-хэджкlэ щыхь лlэужьыгъуэ зыбжанэ къыщыхутащ ди щlыналъэм. Псалъэм папщlэ, Аскание-Новэ (Украинэм) къраша щыхь лlэужьыгъуэр «Нальчикское ГООХ» ФГБУ-м и Iэшэлъашэм щыпсэущ. Ахэр ди щlыпlэм есами, емысэу щыкlуэдыжьами зыми ищlэркъым. Ягъэхъыбаракъым. Ауэ, мы Iэхъущlапlэм мызэ-мытlэу щыхь гуп кърашалlэуэрэ мэзхэм зэрыщlаутыпщыкр щыхьэт тохьуэ, япэрейхэр ди щlыуэпсым зэрыхэмы-псэукlыфар.

Дигу къэдгъэкlыжьащи, 1957 гъэм Кърымым кърашауэ щытащ щыхь 44-рэ. Ахэр, зэрыгурыlуэгъуэщи, тумэт. Ауэ, зэрыжаlамкlэ, щыхь къуэлэным илъи яхэтт. Иужьыгъукlи, 1968, 1975, 1978, 1985 гъэхэм щыпlэ зэмылlэужьыгъуэхэм кърашащ щыхь къуэлэныр. Абыхэм я псэукlэм щыкlэлъыпlэным мурадкlэ щыпlэ яхъумэжам щрагъэпсыхат, ауэ язынныкъуэр кьелаекъым, язынныкъуэм щыхъуакlуэ щы пычахуэр къемэщlэкlри, щlэпхъуэжащ.

Гу лъытапхъэщ хуиту мэзым щlэт щыхь лlэужьыгъуэ гуэрхэмрэ адэкlэ-мыдэкlэ къраша щыхь тумэхэмрэ я лъыр зэхэлъадзу, нэгъэущl лlэужьыгъуэщlэхэри къызэрыунэхуам.

Мы Iуэхум теухуауэ зыхуэдгъэзащ Налшык и къэрал щакlуэ хозяйствэм и унафэщlым и къудзэ Сокъур Муlэед. Илэжьыпlэкlэ, абы и жэуапым дыкъигъэуlэбжьащ:

- Апхуэдизи илъэскlэ ди щlыналъэр зытелэжьа Iуэхур псэхэкlуадэ хъуащ. Сыту жыпlэмэ, альандэрэ ди щlыпlэм кърашэлlа щыхь къуэлэныр дэ дызыхуэй лlэужьыгъуэ тхуэщlакъым, пхуэщlынкlи зы Iэмал иlэкъым. Щхьэусыгъуэр - нэхъапэм Кавказым щыпсэуа щыхь къуэлэн хабзэм и генетикэ мардэхэр тщlэ мыхъумэ, абыхэм кьеэзгъеуу зы лlэужьыгъуи кьытхуэгъэтакъым. Альандэрэ кърашэлlа къомым я гугъу пщlымэ, апхуэдэ щыхь лlэужьыгъуэхэм уасэ гуэри яlэкъым, биологие и лъэныкъуэкlи мыхьэнэ пылъкъым, щlэныгъэлlэкъми зыхуэйр яхуэгъуэтакъым. Уеблэмэ, щыхь тумэр, куэд къызэрыгъэхъуами, апхуэдизкlэ мыхьэнэншэщи, ахэр псынщlэ-псынщlэу зэрыдгъэкlуэдыжьыным яужь дитщ. Мы Iуэхум ди гугъэр хэтхыжькъым, гукъэкlуэ гуэрхэр диlэу, абы делэжьыну зыдогъэхьэзыр, ауэ нобэкlэ дэ нэгъэущl Iуэхущ зетхуэри, кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжари. Зыщlэщlэщи, щыхь къуэлэным и закъуэкъым дэ тlэщlэкlыр, атlэ «кавказ щыхь» жьыхуэтlэ лlэужьыгъуэри мащlэ хъуащ. Мыгувэ щыкlэ а Iуэхур дгъэзэжкlуэжьну и ужь дихьащ. Кавказым и къэрал псэущхьэ хуэмапlэм къытыр, 2016 гъэм щыхьитху къитщауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. Мазэкlэ дакlэлъыпlэри, гектар 75-рэ хъу щы хэкам идутlыпщхьащ щыхьхэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, ахэр псэущ, узынщэщ, мэбагъуэ ящlи дызыхуэныкъуэ лъы къабзэхэм ящыщщ. Щыхьыр илъэсым зэ лъхуэуэ аращи, дыззэрыхуейм хуэдзу, псынщlэ-псынщlэу я бжьыгъэр хэхъуэркъым, ауэ икlи хэщlыркъым. Хуэмхуэмурэ зауэжь. Мис мы унэтlыныгъэм нэхъри зедгъэубгъуну аращ иджьпсту дызэлэжьыр, - кьыджиlащ къулыкъущlэм.

ФЫРЭ Анфисэ.

Кавказ щыхьыр.

И лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр

Томиб хъу «Народные песни и инструментальные наигрыши адыгов» тхылъыр зыгъэхьэзырахэм, зэхэзыгъэувахэм ящыщ зыщ.

Композитор-макъамэтх Дышэкl Залымхъан и уэрэдхэр щызэхуэхьаса тхылъыр зэхигъэуващ икlи абы и редакторщ.

Москва урысибзыкlэ къыщыдэкlа «Нарты» лэжьыгъэм и нотэхэр зыгъэхьэзырар Владимирщ.

«Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм яуса уэрэдхэр» сборникыр, Хэку зауэшхуэр ди къэралым и текlуэныгъэкlэ зэриухэр илъэс 50 щрикъуи ирихьэлlэу дунейм кьытехьар, зэхигъэуващ. Абы ихуащ цlыхубз уэрэду щэ ныкъуэ.

Езым и усыгъэхэмрэ адыгэ цlыхубз уэрэдхэмрэ тету пластинкищ, апхуэдэуи «Нартские песни адыгов» и фlэщыгъэу пластинкиплI кьыдигъэкlащ. Хэзыгъэгуаз эзIыхьэр хэту ахэр дакъикъэ 14-кlэ къуэр.

Лъэпкъ цlыхубз уэрэдэр пшынальэу куэд дыдэ зыхуей хуигъэзэжащ радиом и фондым папщlэ.

«Покождение маленького джигита» гуащэ спектаклым макъамэхэр хуитащ.

Iутlыж Борис и «Тыргъэтауэ» пьесэм макъамэ хуитащ.

«Зэныбжьэгъугъэ» вокально-хореографие сюитэр ихащ (инструментовкэр зейр Хьэлупэ Джэбрэилщ).

«Ди къафэхэр», «Удж-къафэ», «Исльэмей къафэ» цlыхубз макъамэхэм я поуррир зэхигъэуващ.

«Къафэжь», «Бжьамий», «Шы-кlэпшынэ», «Си лъахэ», «Щlалэгъуалэ къафэ» уэрэд цlэрыlуэхэр и Iэдакъэ хъущlэкlащ.

«Свадьба на Тереке» фильмым и сценарийр зытхахэм ящыщщ.

Сыт къарут, сыт зэхэщlыкlт иIэр?

Бэрэгъун Владимир и Iэхъущlафэхэм, и лэжьыгъэм, и гъащlэм мащlэкъым хищыкlыр композитор цlэрыlуэ **Хьэлупэ Джэбрэил**. И ныбжьэгъум ехьэлlауэ и гукъэкlыжхэмкlэ къыщыдгъэущэкlа, абы жиlэр фlэмащlэу апхуэдэщ.

- 1950 гъэхэм ирихьэлlэу Шортэн Аскэрбий, Нало Заур, Пыкlэмыхъу Iэбубэчыр, Къардэнгъущl Зырымыку сымэ адыгэ щlыпсэу щlыналъэхэм кlэуэрэ Iуэрыlуатэ зэхуэхьэсыжу щытащ. Сэ сыщlалэ цlыкlуу кьалэм сыкъэкlуауэ Заур ныбжьэгъу схуэхъури, слъэгъуащ абыхэм я лэжьэкlэр. Е макъыщтэ щымыlэу, бабинэ теплъхьэрэ пIуантlэу патифонныжькlэ ирагъэтхыу абыхэм зэхуахьэсам и бжьыгъэ пхужымыIэным хуэдизт, - къыщlедзэ и псалъэхэм Джэбрэил. - Бэрэгъуныр и Iэщlагъэкlэ уэрэджьыlакlуэт, уэрэджьыlакlуэфlт, макъ телъыджэ иIэу. Арат ар КъБР-м и Щlэныгъэхэхутакlуэ институтым щlрагъэблагъэр, уэрэдыжьу, къафэу, уджу, пшынэ, шыкlэпшынэ макъыу, пшынальэу, нэгъэущl-къинэмыщlу зи гугъу сщlахэм кьрахьэлlар нотэкlэ ирагъэтхыжыну. Адыгэ лъэпкъ пшынальэхэр щызэхуэхьэса лэжьыгъэ зэм зыбжанэ хъунум елэжьын щlидзауэ, сэ еджапlэр кьызэрызухрэ илъэс мыхъууэ, 1969 гъэм Бэрэгъуныр си деж къэкlуащ, «Iуэрыlуатэм сыхэсщ, ар фlыуэ зэрыплъагъур сощlэри дыздэгъэлажьэ, мин бжьыгъэкlэ институтым щlэлъ пшынальэхэр тедгъэтхыкlыж» жиlэри. Жэщ-махуэ димыIэу илъэсиблкlэ дыздэлажьащ Володя сэрэ, а зэманым кьыгурыдзэу пшынальэ минитlым щlигъу нотэм иттхащ, нэгъэущlу жыпlэмэ, дешифровкэ тщlащ. Сурэтыщl бэлыхьу Стифановский Аркадий ди гъусэти, абы нотэ станыр иритхъэрт, Володя сэрэ ттхар сэ къистхыкlыжьырт. Абы щыгъуэ теттхыкlыжахэм ящыщу Гъучlэ Анжелэ щих къыхищlапыкlри, тхылъ еплlанэу дунейм кьытехьащ.

Бэрэгъуным итхыжьа уэрэдыжьхэм ежьу къудейтэкъым яхуитхыр, пшынальэ Iэмэпсымэхэр кьыгъэссбэлу оркестр цlыкlу щlигъэувэрт. Ар пхузэфlэкlын щхьэкlэ уэрэдыпкъым екlужьну фащэр пшынальэ Iэмэпсымэхэмкlэ яхуэттхын хуейтэкъэ?! Дахащэу кьригъэзагъэрт!

Сэ а илъэсхэм Iуэрыlуатэм сызэрыхэсам куэд кьызитащ, зыми ямыlэ макъ зэщlжьыуэ адыгэм дызэриIэр кьысхуэзыlуихащи, ар си лэжьыгъэм нобэр кьызэдсым кьыщызогъэссбэп. Лъэпкъышхуэ куэд щlыпщ адыгэм и Iуэрыlуатэм хуэдиз кьыщlэмынагъуэ. «Фэ фиIэ хъугъуэфlыгъуэр зищlысыр фщlэжьыркъым», - жиlэрт Бэрэгъуныр зыдэлэжьа, ялэ тхылъым пэублэ псалъэ хуэзытха щlэныгъэлI цlэрыlуэ Гиппиус. Иджыри зы: адыгэм фlэкlа щыIэкъым и нарт хъыбархэм пшынальэ, макъамэ щlалъу. Ар ялэу кьыщысщlам сылъэтэнут, сыту жыпlэмэ, лъэпкъ узынщэр ялэ дыдэу кьызэрыпщlыхунур и макъамэращ.

Сыт къарут, сыт зэхэщlыкlт Бэрэгъуным кьритар адэ и лъащlэм кьыщыщlигъалъэу, мыхъумыщlэу хъуар пигъэщащу, искусствэм и кьабзаегъэ лъэпкъым кьыхуигъэнэн папщlэ?! Атlэ сыт дэ абы и фэеплъыр зэрыдгъэлъэпIэфар?

И лэжьыгъэ нэхъыщхьэмкlэ къэдгъэзэжынщи, Бэрэгъуныр «Свадьба Фигаро», «Цыганский барон» опереттэхэм, «Травиата» оперэм, нэгъэущlэхэм зэрыхэтар зымылъэгъуэм зыри илъэгъуэкъым. Утемыукlытыхьу дэнэ утыкуи сыт хуэдэ макъамэ щыжиlэфыну цlыху уи лъэпкъым кьызэрыхэкlам ущымигуфыкlыкъ хъурэт?! Мис апхуэдэ уэрэджьыlакlуэт, зэфlэкl ин зиIэт Бэрэгъун Владимир.

Дунейм цlыхуу тетым къагурыlуэ бзэм - музыкэм - хэлъхьэныгъэшхуэ хуищlащ абы. Тхьэм кьритауэ иIэ и макъ дахащэмкlэ образ куэд утыкум кьыщигъэщlащ. УэрэдгъэIур сэ кьызэрысщlэр си щхьэфэщым зэрызригъэIэтымкlэщ: псалъэхэмрэ уэрэдыпкъымрэ (мелодия) я кьарур макъым кьызэриIуэтэфым сыкъытримыIэтыкlмэ, ар уэрэджьыlакlуэхэм. Апхуэдэ кьару лъэщ щlэлът Бэрэгъуным и макъым.

Ныбжьэгъуэхэм я псалъэ

Жырыкъ Заур, *КъБР-м гъуэзджэхэмкlэ щlыхь зиIэ и лэжьакlуэ, композитор:* - Си ныбжьэгъуфlу щыта Дэбагъуэ Хьэсэн деджат Бэрэгъун Владимири, сцIыхуэт, ищlэхэм сыщыгъаззт, и уэрэд жьIэкlэр сигу ирихьырт. Си ныбжьэгъу гъунэгъуу щымытами, фIыуэ сыкъызэриIалъэр сщlэрт, сэри пщIэшхуэ хуэсщlырт.

Си творчествэм щыгъуаззт Владимир. Си Iэдакъэщlэкlкlуэд имыгъззащIами, а жиIа закъуэтlакъуэр щIыхухэм ягу ирихьу утыку кьрихьащ. Псалъэм папщlэ, Виду Анатолэ сэрэ зэдэттха «Къосыр уэс» романсыр консерваторэр кьыщlуухым щыгъуэ и репертуарым зэрызэтар кьызжиIэжыгъат. Композиторхэм я зэIущlэшхуэ Орджоникидзе (иджы Владикавказ) щрагъэкlуэкlыу а лэжьыгъэмрэ «Гъатхэ уэсэ» романсымрэ щызжиIауэ щытащ Бэрэгъуным.

Телевиденэм и редактору сыщылажьэм Москва и каналхэм ящlущ зым къыщlагъэлъэгъуэну концерт згъэхьэзырын хуейт. Владимир Тбилиси кьриша звукооператорэхэм, звукорежиссёрхэм ди радиом щрагъэтхаУ щыта адыгэ уэрэдыжьхэр абы къыщызгъэссбэлат, ахэр, утемыукlытыхьу, сыт хуэдэ утыкуи кьипхьэ хъунути.

Куэт Къанщобий, *КъБР-м и цlыхубз артист:* - Бэрэгъун Владимир сэрэ дызэдеджакъым, ауэ дызэдэлэжьащ. Абы лэжьэн щIидзаклэу, сэ 1971 гъэм къызэхри сыкъыкlуэжащ. Верди и «Травиата»-р Шэрыльжь Анатолэ игъэувауэ, абы и лIыхъжь Альфред и ролыр Дэбагъуэ Хьэсэнрэ Бэрэгъун Владимиррэ ягъэзащlэрт. Оперэ партиеу тху, Альфред ейри хэту, хьэзыру сиIэти, 1972 гъэм абыхэм я ещанэ сыхуэуауэ щытащ.

Нобэми гуапэу сигу кьокlыж тIуми дзэм кьулыкъу щыгъуэ (Владимир Москва пэмыжьыжьу, сэ Москва дзэ округым щрагъэкlэ кьафэмкlэ и ансамбль езы кьалащхьэм дэтым) накIуэу сыкьыIлъэгъуауэ зэрыщытар.

Макъ телъыджэ иIэт, щlалэ екIуэ, зэпIэзэрыт. Зым адрейм и жагъуэ игъащlэм тщlакъым. Музыкэ театрым щыщlалажьэми, филармонием щыщыIэми гъуазджэм, адыгэ лъэпкъым щхьэкlэ Iэхъушхуэ зэфlигъэкlащ, Iуэрыlуатэ тхыжьыми и кьару мымащlэу ирихьэлlащ.

Мэкъуауэ Хьэсэн, *КъБР-м щIыхь зиIэ и артист:* - Дыззэныбжьэгъуу, унагъуэкlэ дызэкlэлъыкlуэу щытащ Бэрэгъунымрэ сэрэ. Апхуэдэ щIыхугъэ зыхэлъ гъуэтыгъуейщ, зыгуэрым щхьэкlэ Iей и жьэм кьыжьэдэкlауэ игъащlэм зэхэсхакъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, икъукlэ гъащlэ мащlэт.

Егъэлеяуэ уэрэджьыlакlуэфlт, филармонием и унафэщl къалэнми гурэ псэкlэ бгъэдэтащ. Сыт хуэдэ гуп хэтми, ар игъэдахэу, игъэбжьыфlэу кьэгъуэгурыкlуащ Володя, дыхуэзарэзыщ, здэкlуам Тхьэм щигъэтынш!

Мэз Iэниуар, *сабий усакlуэ:* - Сэ Бэрэгъун Владимир илъэситlкlэ театрым сыщыдэлэжьащ, зэгъуэгу гъуэгу дызэдытехьэгъащ. Уэрэдыжьхъэм я дунейпсо фестиваль Польшэм щекlуэкlыу, сэ сызыхэта «Нартхасэ» ансамблыр (Нарткъалэ) абы ирагъэблагъат. Къыхэгъэщlапхъэщ Совет Союзым щыщу а зы гупым фIэкlа а зэIущlэшхуэм зэрыхэмытар. Бэрэгъуныр гъусэ кьытхуэхъуат, дэ дгъэув нарт кьафэхэм щlэт уэрэдэр абы хуэдэу зыми зэрыхэмыгъэзащlэм кьыхэкlыу. Нобэ хуэдэу сощlэж концерт щытта пэшым фIэлъ люстрэшхуэр макъ ищlу Володя и макъым зэригъэхьейтэр...

Лэжьэгъум хужиIар

Узыдэлэжьа, Iуэху зыдэпщlа, шыгъупластэ зыдэпшха цlыхум уи дуней тетыкlэмрэ и псэ зэхэлъыкlэмрэ къимыщlэнкlэ Iэмал иIэжьым. Бэрэгъуным илъэс куэдкlэ дэлэжьащ иджыпсту КъБР-м и къэрал филармонием и унафэщl **Зэшэкlуу Тlэхьир**.

- Сысабийуэ мэзыкlэ, сэрат япэу иригъэдалъэр, абы щыгъуэми жащ ныкъуэ иIэтэкъым, нэхущ иIэтэкъым. Гъуэтыжьарэ жей Iэфlым хильэфауэ кьыщыщlыхьуми, кьыщыльэтыжу тхылъымпIэм зыгуэр тритхэфынут. Пщадджьыжьым щытхэ пэшым уущlыхьамэ, уэрэдыпкъыр сTолышхьэм телът.

Зэман-зэманкlэрэ зыдэлэжьа цlыху щхьэхуэхэм я гугъу щlыпкъым, ауэ Iэдакъэщlэкl куэд кьызыдигъэщlа, Iуэрыlуатэ куэд зыдитхыжа щIэныгъэлI Гиппиус ди унагъуэм и ныбжьэгъуфlу щытащ. Москва кьикlрэ кьэкlуаиэ, мазэ бжьыгъэкlэ ди деж щыхьэщlэу, адыгэ щхьыныгъэзкlэ игъэщlагъуэу, фIэIэфIу кьытхэст. Езы Володя кьалащхьэм, и ныбжьэгъум и деж щыкlуэкlэ, портфелыр кьищтэрти: «IIэ-тIэ, Томэ, сэ сокIуэж», - жиIэрт, апхуэдизкlэ куэдрэ зэхуэзэрт, зэщlыгъути.

«Сыту Iейуэ сеша, Томэ», - щыжиIэкlэ си гур узырт, «кхьыIэ, зыгъэпсэжу, зумыукlыж» жысIэми, апхуэдэ зэман хьэулей имыIэу кьызжиIэрти, лажьэу екьэжьырт. И псэм ищlэми ярейт гъащlэ кlыхь кьызэрыхуимыухар: ар илъэс 57-рэ псэуауэ аращ.

Бэрэгъун Владимир псалъэ гуапэ куэд хуэфащэщ, и фэеплъыр дгъэлъэпIэнуи ди хьэжщ. Ар зыхуэзфIэкlын лъэпкъ дыхуну, абы кьимыгъэщlар и щхьэгъуэсм, и кьуэмрэ и пхумрэ кьахупищ-ну Тхьэм жиIэ!

Зыгъэхьэзырар
ИСТЭПАН Залинэщ.

● Лъэпкъ библиотекэм

Дипломат лэжьакIуэхэм я махуэр ягъэлъапIэ

Хабзэ зэрыхъуауэ, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм щекIуэкIащ «Искусство дипломатии» эзэущIэр. Ар къыззэрагъэпэщащ Іуэхущ1апIэм щеджэ и пэшым и къудамэм и лэжьакIуэхэм. Зэхыхьэм ирагъэблэгъащ Гуманитар-техника колледжым и кадет корпусым и «Правоохранительная деятельность» Іэщ1агъэм и студентхэр.

ДИПЛОМАТ Іэщ1агъэмрэ къэралымрэ я деж щиІэ пщІэмрэ я Іэнатіэм пэрытхэм я жэуапльныгъэмрэ я щыхьэтэ, Урысей Федерацэм и Президентым 2002 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м игъэуващ мазаем и 10-р Дипломат лэжьакIуэхэм я маХуэ. Зэрыбзыхуам тету, УФ-м хамэ къэрал Іэхухэмкіэ и министерствэм и лэжьакIуэ мин бжыгъэхэм а махуэр ди къэралми нэгъуэщІ щІыпІэхэми щагъэлъапІэ.

ЗэІущІэ гъэщІэгъуэныр езыгъэкIуэкIахэу библиотекэм и лэжьакIуэ Нанэ Ларисэрэ Балъкъэр Залинэрэ къытеувыІащ Урысей дипломатием и тхыдэм, къэралым и дипломат щІэрыІуэхэу Троцкий П., Литвинов М., Чичерин Г., Молотов В., Громыкэ А., Примаков Е., Лавров С., а Іэнатіэм и нэгъуэщІ цІыху акъылыфІэхэм я фІыгъэкІэ Урысейм къэрал куэдым пыщІэныгъэ бІэдэкэр хуиІэу къыззэрекІуэкІым. Лъэпкъ библиотекэм и унафэщІ, профессор, филологие щІэныгъэхэм я доктор, дипломат, ООН-м и академик, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ Емуэ Анатолэ щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным, жылагъуэ Іуэхур егъэфІэкІуэным хуищІа хэлъхьэныгъэхэр ягу къагъэкІыжа нэужь, кърихьэлІахэм абы и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ яхутепсэлъыхьащ.

Емуэ Анатолэ КъБКъУ-м щІэныгъэ нэхъыщхьитІ (иджы лызыбзэ, урысыбзэ къудамэхэр) щызэригъэгъуэтащ. 1963 - 1969 гъэхэм Совет армэм и офицерщ, Москва дзэ зэдзэкІакІуэхэм я курс нэхъыщхьэхэр къыщІухащ. ЕджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ школхэмрэ папщІэ зэхилъхьащ иджы лыз-адыгэурыс фразеологие псалъэзр. Монографие зыбжанэ, «Хамэ къэралыбзэхэмрэ ар зэребгъэдэкІынымрэ ятеуХуа къэхутэныгъэхэр» академие тхылъыр и Іэдакъэ къыщІэкІащ. 1976 - 1980 гъэхэм Индием и Совет щэнхабзэ центрым и унафэщІу лэжьащ. Хэкум къигъэзэжа нэужь, щІэныгъэ, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэм куууэ хэтащ, и доктор диссертацэр пхигъэкІащ. Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ институтым и унафэщІ къулыкъум пэрытащ.

1992 - 1997 гъэхэм КъБР-м лъэпкъ Іуэхухэмкіэ хамэ къэрал Іуэхухэм-кІэ и министру, итІанэ хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ министру лэжьащ. Урысейм и МИД-м и Дипломат академием дипломат лэжьакIуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахьуэ и курсхэр екъулэныгъэкІэ къиуха нэужь, УФ-м и щІыналъэхэм Урысей МИД-м щІыналъэ зэхуаку, экономикэ зэхущытыкІэхэмкІэ я Консультативнэ советым хэтащ. 1995 гъэм Урысейм и посольствэу Белорусиием щыІэм и чэнджащэгъуэ щылэжьащ. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди хэкуэгъуэхэм яхудиІэ пыщІэныгъэхэр иригъэфІэкІуэн папщІэ, къэрал куэдым щыІэну кьыхуихущ. Ди хуэдэхщ Иорданиер, Сириер, Тыркур, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр, Канадэр, Венгриер, Чехословакиер, Болгариер, Италиер, Индиер, Албаниер, Белоруссиер, Кипрыр, нэгъуэщІхэри.

2002 гъэм къыщыщІэдзауэ ар и унафэщІу щытащ КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэмкІэ, иужькІэ иныжыбзэмкІэ и кафедрэхэм. 2010 гъэм и мэлыжьыхь мазэ лъандэрэ и унафэщІш Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм. ЩІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным, жылагъуэ Іуэхур егъэфІэкІуэным Емуэым хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуещІ. Абы и фІыгъэкІэ библиотекэм къыщыззрагъэпэщащ «Джентльмен», «Галатея», «Правовед», «Театр книги», «Гум и макъ», «ЗэфІэкІ зиІэ цІыху» клубхэр, нэгъуэщІхэри. 2010 гъэм къыдэкІа «Лъэпкъыщ зэрыгушхуэ» щІэныгъэ-зэм Емуэ Анатолэ и цІэр иратащ, 2017 гъэм къыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденыр, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, щыналъэр егъэфІэкІуэнымрэ щІэныгъэмрэ хуищІа хэлъхьэныгъэфІхэм папщІэ. Апхуэдэу, къэралкІуэцІ Іуэхуэхэм ильэс 25-кІэ хуэлэжьа Емузым къыхуагъэфэщащ Урысей МИД-м и щыхь тхылъымрэ «Урысей Федерацэм хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ и министерствэр ильэс 200 ирокъу» юбилей дамыгъэмрэ. Емузым и лэжьыгъэр щызэхуэхьса тхылъ зыбжанэ библиотекэм щІэлъщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Емуэ Анатолэ и пхуэрылъху Эвелинэ абы и лъагъуэм зэрырикІуэжар. Налшык къалэм и курыт еджапІэ №4-р дыщэ медалкІэ, КъБКъУ-м иныжыбзэмкІэ и куэдамэр диплом плъыжькІэ къиуха нэужь, ар аспирантурэм щІэтІысхьэри, и кандидат лэжьыгъэр пхигъэкІащ. 2009 - 2013 гъэхэм Урысей МИД-м щылэжьащ. Ди республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэм ар дипломат ранг зиІэ ящ адыгэ цІыхубз атташе щыхъащ. ИужькІэ къулыкъу щищІащ Азербайджанымрэ Къзэхъстанымрэ Урысейм щиІэ посольствэхэм. 2014 гъэм абы къратащ ещанэ секретарым и дипломат ранг. Мы зэманым ар Псыхуабэ бзэ щІэныгъэхэмкІэ и университетым къэралкІуэцІ политикэм теухуа и доктор лэжьыгъэм щолэжь.

Емузыр зэІущІэм къырихьэлІахэм яхутепсэлъыхьащ дипломат Іэнатіэм и мыхьэнэмрэ щхьэхуэныгъэхэмрэ. Абы жэуап иратащ студентхэм я упщІэхэм.

Зэхьхьэр щекІуэкІа пэшым щагъэуващ «Дипломатиэ: взаимный интерес, доверие, сотрудничество» тхылъ дапхэр. Абы хагъэхьащ дипломатием и тхыдэм теухуа тхылъхэмрэ дипломат цІэрыІуэхэм я лэжьыгъэ щхьэпэхэмрэ. Апхуэдэу абдежым щыплъагурт Емуэ Анатолэ и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ теухуа тхыгъэхэр, къыхуагъэфэща дамыгъэхэр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Фэеплъ

Афганистан - мыкІыж уІэгъэ

Советыдзэхэр Афганистаным къыззэрырашыхрэ мазаем и 15-м ильэс 31-рэ ирикъащ. А махуэм ирихьэлІэу республикэм и къалащхьэм, щІыналъэхэм щекІуэкІащ абы теухуа Іуэхуэхэр.

УРЫСЕЙ МВД-м Аруан щІыналъэм щиІэ къудамэм балигъ мыхъуахэм я Іуэхухэмкіэ и Іэнатіэм и лэжьакIуэхэм Аруан къуажэм дэт курыт еджапІэм и кадет классым щеджэхэмрэ Нарткъалэ и курыт еджапІэ №6-м и «Ныбжьыщ1э армэ» зэщІэхьееныгъэм хэтхэмрэ папщІэ къызэрагъэпэщащ «Афганистан - мыкІыж уІэгъэ» зыфІаща лЫгъэм и дерс.

Іуэхум кърихьэлІащ Афганистаным щекІуэкІа зауэм и ветеранхэу, лейтенант нэхъыжьу полицэм къыхэкІыжа **Бекъул Аслъэн, Зыхьэ Арсен, Іусен Мустэфа, Жылятеж Мухьэмэд** сымэ.

Дзэм хэтахэм школакIуэхэр щагъэгъуэзащ а зэман мытыншым, ядэгуэшащ зэхэуэхэм щыІам яГуэта гъэунэхуныгъэмкІэ, тепсэлъыхьащ Афган зауэм и мыхьэнэм. Абыхэм ахъштщІэхъуэ щІэблэр къыхураджащ мамырыгъэм папщІэ зи гъащІэр зыта зауэлІхэм я фэеплъым пщІэ хуащІыну.

Къызэхуэсахэр едэІуащ «Голубые береты» гупым игъэззэща уэрэдым. Кадет классым и унафэщІ Рябкинэ Татьянэ еджакІуэхэмрэ хьэщІэхэмрэ яхутепсэлъыхьащ 1985 гъэм Афганистаным къыщыззрагъэпэща 350-нэ полкым и десантхэр зыхьихьэ «Голубые береты» гупым, ар цІэрыІуэ зэрыхъуам.

Ветеранхэм я дежкІэ а зэхьихьэр хъуат гукъэкІыжхэм я махуэ.

Къызэхуэсахэм фІыщІэ хуащІащ Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэ, полицэм и майорхэу **Лыжьыкьуэ Азнаурэ Къармэ Натальерэ**.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● ФщІэн папщІэ

Сом мелуани 2-м щІигъу япшын

Зэратх Іэмэпсымэхэм къыззрагъэлъэгъуамкІэ, мазаем и 8 - 14-хэм кърибыдзу гъуэгум зэрыщызекІуэ хабзэр 5150-рэ къыззпадащ. Псори зэхэту къуэдыуэ тралъхащ сом мелуани 3-рэ мин 521-м щІигъу. А махуэхэм къриубыдзу япшынащ сом мелуани 2-рэ 264 550-рэ.

КЪУЭДЫР махуэ 60-м къриубыдзу япшын хъунущ. Абы фІагъэкІамэ, Іуэхур Суд приставхэм Іэрагъэхьэ.

Административнэ къуэдыр хабзэм игъэува пІалъэм (УФ-м и КоАП-м и 20.25 статьи) кърибыдзу ямыпшынымэ, ар хуэдитІкІэ ягъэзагъуэ е сыхьэт 50-кІэ цІыхур ягъэлажьэ.

Къуэды птельмэ къыщыпщІэфынущ Урысейм и Къурал автоинспекцэм и сайтым - www.gibdd.ru.

БАХЪСЭН Ланэ.

ЗауэлІхэр утыку йохьэ

● Гырэ спорт

Урысейм и лъэпкъ гвардиеу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и хэщІапІэм щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ дзэ зэгухьэныгъэм гырэ спортымкІэ я чемпионат. Абы хэтащ Іэнатіэхэм и кІуэцІкІэ щыІа зэхьэзэхуэхэм щытекІуэхэр - КИФЩІ-м щыІэ Лъэпкъ гвардием и командэ 16-м я спортсмен 80-м щІигъу.

КИПОГРАММ 24-рэ зи хьэлъагъ гырэр дакъикьипщІым кърриубыдэу лІэужьыгъуэ зыбжанэкІэ къызэраІэтыфымкІэ спортсменхэр зэпеуащ. ТекІуахэр гуп, щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэхэм къыщахьа балл бжыгъэхэмкІэ наІуэ хъуащ.

Ялэ уэыпІэр яубыдащ Грознэ къалэм дэт, Жуковым и орденыр зыхуагъэфэща дзэ частым и спортсменхэм. Абыхэм къакІэлъокІуэ Дагъыстэнымрэ Минералные Воды къалэмрэ щыІэ гупхэр. Домбеякъыр зыІэрагъэхьащ Владикавказэрэ Ставрополь-рэ къулыкъу щезыхьэкІхэм.

ТекІуахэмрэ къыхэканыкІахэмрэ медалхэр, кубокхэр, грамотхэр иратащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Зэныбжьэгъугъэ зэІущІэхэм щыІейкъым

● Футбол

Мазаем и 4-м «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм мы гъэм и етІуанэ зыгъэсэгъуэр Нартсанэ (Кисловодск) щызэхаублащ. Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым гъатхэпэм щыщІэзыдзэжыну 2019 - 2020 гъэхэм я зэхьэзэхуэм и етІуанэ Іыхьэм зыхуэгъэхьэзырыным ипкъ иткІэ ди щІалэхэм зэныбжьэгъугъэ зэІущІэхэр абы щыдрагъэкІуэкІащ Мэхъэчкъалэ и «Легион Динамо»-мрэ Грознэм и «Ахмат»-м и щІалэгъуалэ гупымрэ.

ЯПЭЩІЫКІЭ, мазаем и 7-м, налшыкдэсхэр ядэджэгуащ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым къадыхэт «Легион Динамо»-м. «Спартак-Налшыкым» и фащэр ящыгъыу ар ирагъэжьащ Щоджэным, КІэдыкІуейм, Ольмезовым, Белоусовым, Сындыкум, Хьэшырым, Салахетдиновым, Дзхъум, Іэпщащэм, Машэжьым, Бацэм. Лъэныкъуэхэм Іэмал хъарзынэхэр яІа пэтми, бжыгъэр къызэІуамыхауэ загъэпсэхуну иКІащ.

Пасэу зэрыпраухуам тету, джэгум и етІуанэ Іыхьэр езыгъэжьар нэгъуэщІ-хэрщ. Иджы «Спартак-Налшыкым» и щІыхьэр яхъумэрт Къардэным, Запалацкэм, Стригэ, Шумахуэм, Дзэмыхьым, Шаваевым, Уэрзэйм, Клышэ, Ашум, Къуэжьейм, ХъутІэм. ИужькІэ абыхэм къахьхьащ Лъэпщымрэ Торосянрэ.

Хьэлэмэтращи, нахъ щІалэщІэхэр мы зэІущІэм нэхъыфІу щыджэгуащ. Джэгум и етІуанэ Іыхьэр ирагъажьэри, дакъикитху дэкІауэ арат Шаваев Магомед налшыкдэсхэр япэ щрагъащам. Зэман дэкІри, «Легион Динамо»-м бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ.

ЗэІущІэм и кІэух дакъикъэхэр «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэмкІэ екІуэкІащ. Апхуэдэхэм ящыщ зым ди гъуащхьауэр мэхъэчкъалэдэсхэм я гъуэм пэмыжьжьэу ираудащ. Пенальти! Ар Іэзэу игъэззащІащ Ашу Мурад.

Джэгур икІэм нэблагъэпат, зэІущІэм къызэрыхэхъэрэ куэд мыщІа Лъэпщ Темырлан кІэух бжыгъэр 3:1-м щыригъэсам.

Махуищ дэкІри, «Спартак-Налшыкым» хьэрхуэрэгъу къыхуэхъащ Урысейм футболымкІэ и премьерлигэм щыджэгу Грознэ и «Ахмат»-м и щІалэгъуалэ гупыр. КІэбышэ Заур зи унафэщІ тренерхэм абыи и Іыхьитіым щагъэджэгуар гуп зырызщ. ТегъэщІапІэ ящІ нэхъ лъэщыІуэу ябжкъалэдэсхэм я гъуэм пэмыжьжьэу ираудащ. Пенальти! Ар Іэзэу игъэззащІащ Ашу Мурад.

Джэгур икІэм нэблагъэпат, зэІущІэм къызэрыхэхъэрэ куэд мыщІа Лъэпщ Темырлан кІэух бжыгъэр 3:1-м щыригъэсам.

Махуищ дэкІри, «Спартак-Налшыкым» хьэрхуэрэгъу къыхуэхъащ Урысейм футболымкІэ и премьерлигэм щыджэгу Грознэ и «Ахмат»-м и щІалэгъуалэ гупыр. КІэбышэ Заур зи унафэщІ тренерхэм абыи и Іыхьитіым щагъэджэгуар гуп зырызщ. ТегъэщІапІэ ящІ нэхъ лъэщыІуэу ябжхэм хухаха зэманыр ирагъэхьащ, 27-нэ дакъикъэм метр пщыкІузым и деж щыту топ къыдрагъэгъэкІри. Нэхъ щІалэІуэхэм Іуэхур иужькІэ ягъэззэкІуэжащ. Аргуэру къыхэжаныкІар гъуащхьауэ ныбжьыщІэ Лъэпщ ТемырланщІ. Зи чэзу топыр абы 78-нэ дакъикъэм грознэдзэхэм яхудиГъэкІащ.

Нартсанэ зэрыщІэну етІуанэ зыгъэсэгъуэм къыриубыдэу «Спартак-Налшыкым» иджыри зэныбжьэгъугъэ зэІущІитІ иригъэкІуэкІыну и мурадщ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Тыркум къраха медалхэр

● Тхэквондо

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхэквондоистхэм медалиш къыщащхьащ олимп лъэхъэнэм ипэ къихуэу Тыркум щекІуэкІа «Turkish Open» рейтинг зэхьэзэхуэм. АбыкІэ хъыбар къыдигъэщІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм тхэквондомкІэ (WTF) и федерацэм и секретарь нэхъыщхьэ Къанкъул Беслъэн.

КЪЫЩІЫХАХ лъэхъэнэм зэкІэлъхьэужьу текІуэныгъэмпІ къыщызыхьа, зи хьэлъагъэр килограмм 44-м нэблагъэ Багъ Даринэ финал зэІущІэм къыщыІуащІащ етІуанэ гупым пашэныгъэр щызыубыда хэгъэрей Арикан Нисой. 3:0-у абыефІэкІри, Даринэ Урысейм и командэ къыхэхам ялэ щыщ медалыр къыхуихащ.

Зи хьэлъагъэр килограмм 45-м нэблагъэхэм я кІэух зэІущІэм Багъ Идар зымащІэкІэ къыхигъэщІащ зэхьэзэхуэм и хэгъэрей Эмре Тасу Юнус икІи дыжьын медалыр къихьащ. А гуп дыщэм щызэуа Ахьмэт Дамир ещанэ хъуащ.

Спортсменхэр ягъэхьэзыращ Ахьмэт Амир, КуГъэндокъуэ Елдар, Унэжокъуэхэ Абдул-Джабаррэ Къантемыррэ, Тикаев Индрис, БжэныкІэ Резуан сымэ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Къемызэгъ хущхъуэхэкІ ищэрт

КъБР-м щыІэ МВД-м Наркотикхэм кІэлъыплъыныкІэ и управленэм, Урысей МВД-м и «Прохладненский» къудамэм, Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм Прохладнэ къалэм щиІэ къудамэм, «Гром» гуп хэхам я лэжьакІуэхэм къэлъыхъуэныгъэ Іуэхуэхэр щрагъэкІуэкІым Прохладнэ къалэм щаубыдащ къемызэгъ хущхъуэхэкІэр ищэу шэч зыхуащІ, илъэс 32-рэ зи ныбжь цІыхубзыр.

АР яубыдащ узыфэ хэхахэр зиІэхэм фІэкІа ирамыщІэ хущхъуэхэкІ капсули 4-р ищэну яужь иту.

Хабзэм тету езыри шэч зыхуащІыр щыпсэу лъапсэри хъыщащым, полицейхэм абы къыкъуахащ хущхъуэгъуэм и капсулэ 444-рэ, сом 130000-рэ и уасэу, апхуэдэуи ахъшэ.

НаІуэ къэхъуахэм ялкъ иткІэ, прохладнэдэс бзылъхугъэм теухуа уголовнэ Іуэху къаІэтащ, Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 234-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэр (хущхъуэ гуащІэхэр е щхъуэ пкъыгъуэхэр хабзэм къемызэгъыу игъэкІын) илэжьауэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Къалъыхъуэ

Хъыбар гуэр фщІэуэ пІэрэ?

Урысей МВД-м и управленэу Налшык къалэм щыІэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкІэ и къудамэм къелъыхъуэ зыхьарыншэу кІуэда **Уртаевэ Екатеринэ Хьэдзимурзэ и пхъур**, 1940 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м къалъхуар, Налшык къалэ щатхар. Ар 2019 гъэм фокІадэм и 23-м и унэмк щІэкІащи, нобэр къыздэсым и хэщІапІэр ящІэрыкъым.

Уртаевэ Екатеринэ Хьэдзимурзэ и пхъур зэдащІыІэр уб5ыхунымкІэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщІэмэ, дыныволъэІу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкІэ: (8662) 49-46-02, 74-07-33, 02 е полицэм и Іэнатіэ нэхъ фпэгъунэгъуэм зыхуэзгъэзэну.

КъБР-м щыІэ МВД-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Редактор нэхъыщхьэ

ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаишокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, НэщІэпыдкэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●